TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

Serie No. 519 Regi f 0.20

SOEKATJA

Djawa

ANGGITANIPOEN

M. S. SASTRADIARDJA

UITGAVE VAN DE
COMMISSIE VOOR DE
VOLKSLECTUUR
WEDALAN
BALÉ-POESTAKA

R. DUCRO. UITV.

PNRI bp Balai Pustaka

SERAT-SERAT BASA DJAWI WEDALAN BALÉ POESTAKA

Panoembasipoen ḍateng **Balé Poestaka** ing **Weltevreden.** Jatra reregènipoen kakintoenna roemijin sarana **post-wissel.** Meling rembours inggih kénging, nanging kedah bajar wragading pangintoen. Ingkang karsa meling soepados njeboetna serie nomer oetawi namaning serat ingkang kakarsakaken.

---

187. Trilaksita. M. Ng. Mangoenwidjaja, 181 katja, 8°, aksara Djawi. Tjarijosipoen laré djaler tetiga, nama R. Hardaka, djaka Madyana toewin djaka Moeljana. Laré tiga waoe sami nggajoeh ḍateng kaoetaman, nanging dadosipoen béda-béda, wonten ingkang ḍawah nisṭa, madya toewin moelja. Manawi baḍé priksa gantjaripoen prajogi maosa pijambak. Regi. . f 0.90

---

270. Lelakoné Amir. M. Sindoepranata, 43 katja, 8°, aksara Latin. Njarijosaken kabegdjanipoen laré nama Amir. Amir waoe laré anaking penatoe, katilar pedjah embokipoen sarta ladjeng toemoet bijoeng koewalon, woesana angsal pitoeloenganipoen bangsa Walandi, kasekolahaken, ngantos saged dados bas toekang besi. Para moeḍa sami maosa serat poenika, soepados saged angsal wewengan pamboedining panggesangan ingkang njekapi gesangipoen. Regi. . . . . f 0.30

---

288. Tjatoer toenggil. R. Soejitna Martaatmadja, 114 katja, 8°, aksara Djawi. Poenika sanès dongèng, mentas kelampahan saèstoe, inggih poenika lelampahaning mantri-goeroe nama M. Asmana ingkang sakelangkoeng saé lelabetanipoen. Poenapa malih njarijosaken lelampahaning moeridipoen 4, ingkang pantes dalos tetoeladan bab pamilihing ala ajoe. Regi f 0.90

---

295. Pamoring ḍoesoen. M. Hardjawisastra, 132 katja, 8°, aksara Djawi. Njarijosaken lelampahanipoen tijang mlarat saged dalos soegih, djalaran saking ngatos atos ing gesangipoen, poenapa malih tetoeladan ḍateng tijang tani soepados saged ngoepados asil sanèsipoen lan tetoeladan nglebetaken sekolah laré toewin gemi ḍateng arta. Regi . . . . . f 0,65

Serie No. 519.

SOEKATJA

ANGGITANIPOEN

M. SOERATMAN SASTRADIARDJA



WEDALAN
BALÉ POESTAKA

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR — WELTEVREDEN 1928.

ISINIPOEN SERAT POENIKA:

		Katja.
I.	Kjai soedagar Wignjaartana mendet mantoe poen Soewarna.	3
II.	Soewarna lan bodjonipoen.	6
III.	Soewarna Wignjawijata katilar pedjah ingkang èstri.	8
IV.	Wignjawijata rabi malih.	10
V.	Soekatja itjal.	12
VI.	Kepanggihipoen Soekatja.	15
VII.	Soekatja sekolah Walandi.	18
VIII.	Soekatja kawedalaken sekolahipoen.	20
IX.	Toewoehing karojalan	23
X.	Santosa lan Rara Indinah.	26
XI.	Pandoeng ing Kiranapoeran	29
XII.	Santosa kénging dakwa.	31
XIII.	Karibedanipoen Santosa	35
XVI.	Ketjepengipoen Soekatja	37

I.

Kjai soedagar Wignjaartana mendet mantoe poen Soewarna.

Ing ḍoesoen Manisrengga, djadjahan parésiḍénan Soerakarta, wonten sątoenggiling tijang ingkang misoewoer kasoegihanipoen, soegih kadang koela-warga, abanḍa-banḍoe, awasta kjai Wignjaartana. Watekipoen limrah, balaba sarta welasan remen tetoeloeng ḍateng sasamining toemitah, roekoen kalajan tangga tepalih. Tetijang ingamantja ḍoesoen toewin tetijang ing ḍoesoen ngrikoe anggepipoen sami ambapa, kataman ing prabawaning boedi rahardja, wekasan sami adjrih asih. Koetjiwa déné kjai Wignjaartana waoe taksih angleloeri adat toewin tata-tjara kina, ingkang kedah kasirnakaken.

Kjai soedagar Wignjaartana gaḍah kadang naksanak satoenggal, ingkang sakalangkoeng dipoen tresnani, awasta Wignjawardaja, wiwit laré ngantos doemoegining sepoeh: kasoking katresnanipoen ngoengkoeli saḍèrèk toenggil jajah réna, bebasan boten kénging katoetoepan ron salamba, tansah gentos-ginentos tindjo. Wignjawardaja boten njamboet damel dados soedagar sarta boten tinakdir soegih kados kjai Wignjaartana. Wignjawardaja soewita ḍateng toewan ageng setatir pabrik tèh, kopi, ing Srikaton, kaparingan padamelan djoeroe serat, awit sanadyan golongan tijang kina, nanging mangertos ḍateng sastra Latin toewin temboeng Maladjeng. Balandjanipoen namoeng sakeḍik, éwadéné pangoepadjiwanipoen saged ajem tentrem boten ketjingkrangan. Ingkang makaten poenika, mratanḍani saking limpading panatanipoen. Wewatekanipoen sarta adat tata-tjaranipoen Wignjawardaja kaṭah ingkang nélad ḍateng tata-tjaraning Walandi, sakeḍik-sakeḍik sampoen ngambah ḍateng djaman kamadjengan, kaṭah adat kina ingkang katilar, awit boten maṭoek kalijan djamanipoen sapoenika, sarta boten kepanggih ing nalar.

Grijanipoen Wignjawardaja wonten sangadjenging pabrik amangkoe peken, sanadyan alit, wangoenipoen tjèkli sarta rèki, panatanipoen mirid daleming para Walandi, kiwa tengen kinoebeng ing palataran ingkang tansah gasik ngilak-ilak, ing palataran ngadjeng wonten patamananipoen ingkang kebak sesekaran warni-warni, adamel reseping paningal.

Wignjawardaja gadah anak djaler satoenggal, awasta Soewarna, wiwit alit kasekolahaken ing kita, ngantos tamat pasinaonipoen lestantoen katitipaken ing mantri goeroe, boten angsal mantoek dateng doesoen, awit saking pangangkahipoen Wignjawardaja anakipoen waoe sagada njamboet damel dados goeroe, watekipoen Soewarna sabar sarta tlatos, pantes njamboet damel dados goeroe.

Pandjangka ingkang makaten waoe saged kaleksanan, Soewarna oemoer 18 taoen kalebet iksamen kweekeling, ladjeng katetepaken wonten ing pamoelangan panggénan anggènipoen sinaoe, let kalih taoen, kalebet iksamenipoen goeroe bantoe, teroes tetep dados goeroe bantoe: boten pindah saking panggénanipoen.

Soewarna wiwit alit kapatjangaken kalijan sadèrèkipoen misan, awasta rara Toeminah, anaking oewa kjai Wignjaartana. Toeminah sanadyan boesoek, kalakoeanipoen saé, dojan ing damel, ádjrih dateng tijang sepoeh, gemi, soerti, satiti ngati-ati.

Anoedjoe satoenggilling dinten, Wignjawardaja ketamoean kjai Wignjaartana. Sadangoenipoen sami rerembagan sarta gegoedjengan, Wignjaartana witjanten:

„Adi, tekakoe mréné ana perloe kang wigati. Akoe awèh weroeh ing kowé jèn anakmoe rara Toeminah: dilamar déning kantjakoe soedagar soegih, arep diolèhaké anaké lanang, oega wis dipatah njamboet gawé dadi soedagar. Kang ikoe akoe andjaloek timbangan marang kowé, awit saka koedangankoe, anakmoe Toeminah bisaa kawengkoe ing prijaji, awit awakkoe dèwé ora bisa dadi prijaji."

Wangsoelanipoen Wignjawardaja: „Dooh, kangmas, sadèrèk koela sepoeh, koela boten njana pisan-pisan, manawi kangmas kagoengan panggalih ingkang makaten. Kados poendi: déné kangmas ngemèrèkaken dateng tijang dados prijantoen. Poenapa kangmas boten oeninga, manawi kamoeljanipoen kangmas poenika ngoengkoeli kamoeljaning tijang ingkang loehoer pangkatipoen. Kaoeningana, tijang dados prijantoen poenika oepaminipoen tijang beberah, kaot kasar kalijan aloes, toemindaking padamelan sarana kaparéntah, woedjoedipoen garang, ananging temenipoen garing, déning boten gadah kamardikan. Béda kalijan tijang soegih, garangipoen garang andjeganggrang, boten wonten ingkang amaréntah, njamboet damel ing sasenenging manah, ing sakadjengipoen boten wonten ingkang moenasika. Tijang dados soedagar saben dinten mindak pawitanipoen, nanging tijang dados prijantoen, sèwoe satoenggal ingkang gadah arta tjélèngan. Sasoemerep koela prijantoen ingkang katah blandjanipoen, kalijan ingkang sakedik balandjanipoen, poenika panggesanganipoen boten béda, namoeng kaot garang sarta koewaos, boten andadosaken ing kasoegihanipoen. Prasasat langka prijantoen blandja f 200, saged gadah andoengan arta kèndel f 100. Kelintoe sanget tijang soegih andjangka dateng kaprijantoenan, awit poenika bagéanipoen tijang ingkang boten gadah pawitan kanggé njamboet damel."

Wignjaartana witjantjen kalajan manteping manah: „Nanging jèn ana prijaji dipèk mantoe wong soegih: apa ora andakadèkaké ing kamoeljané?"

—: „Manawi koela ingkang dados tijang soegih: boten poeroen mendet mantoe prijantoen, awit étangipoen toena, barang kaṭah: amboeroe barang sakedik. Poenapa déné anak koela djaler masṭi koela koedang dados soedagar ingkang pinter, soekoer bagé tamat pasinaonipoen ing pamoelangan dagang, pamoelangan tani, oetawi pamoelangan krija."

—: „Kabèh kandamoe gawé padanging atikoe, nanging sarèhning woes kebandjoer ketroetjoet temboengkoe, soemedya ngapèk mantoe prijaji, moela sanadyan akèh pepalangé, ija bakal dak laksanani."

—: „Poenika langkoeng oetami, anglenggahi watjana ingkang sampoen kewedar. Ananging poenapa kangmas boten koewatos, bok bilih poen endoek manggih pakèwed, awit tijang djedjodoan poenika, ing sasaged-saged ingkang timbang kawontenanipoen, babag kasoegihanipoen, kapinteran, tata-tjara toewin sasaminipoen, soepados sami marem manahipoen. Sadaja prijantoen ratjakipoen pinter, sami wedalan saking pamoelangan, saoepami angsal djodo ingkang boten naté ngambah dateng podjoking pamoelangan oetawi boten naté kekempalan kalijan prijantoen, masṭi kirang marem manahipoen, déning boten saged angladosi kabetahaning tijang dados prijantoen. Saoepami kangmas roemijin andahar atoer koela, inggih poenika poen endoek kasekolahaken sareng adinipoen Soewarna, saèstoe kangmas angsal sarana oetawi sarat ingkang gampil, sagedipoen poen endoek kawengkoe ing prijantoen, sarta kénging kaadjeng-adjeng badé saé kadadosanipoen."

Sasampoening witjanten makaten, Wignjawardaja ngraos kedoewoeng, awit koewatos manawi andadosaken seriking manahipoen kjai soedagar. Kjai soedagar bawanipoen tijang djembar lempar ing boedi, saged angeker wados, ladjeng witjanten: „Lagi iki toetoeg anggonkoe pada gegoejon." Toemoenten pamitan mantoek.

Soewarna saèstoe kelampahan kaangsalaken rara Toeminah, ing sakawit sanget ing pamoponipoen, nanging dangoe-dangoe kelindih déning rembagipoen tijang sepoeh, wekasan ladjeng mitoeroeti. Witjantenipoen Wignjawardaja dateng Soewarna: „Ora betjik wong nampik pasihané wong toewa, sarta apa kowé ora kepéngin marang pangebangé oewakmoe, bakal ditoekokaké omah gedong, diseloeti, ditimangi. Lan kowé ngerti, jèn sakabèhing kasoegihané oewakmoe bakal toemiba ing tanganmoe."

Wangsoelanipoen Soewarna: „Bapak, sajektosipoen koela dèrèng kepéngin émah-émah, ananging koela adjrih manawi ambadal dateng karsaning tijang sepoeh. Poenapa malih koela sampoen keladjeng kawedar witjanten koela, sageda momong pawèstri

ingkang pinter wedalan saking pamoelangan, ananging sedya waoe badar déning pangrèhing tijang sepoeh, poenika namanipoen dèrèng pinareng ing Pangéran."

Ḍaoepipoen Soewarna kalijan rara Toeminah sakelangkoeng ageng bawahanipoen, awit kjai Wignjaartana anakipoen namoeng satoenggal rara Toeminah.

II.

Soewarna lan bodjonipoen.

Sapoenika Soewarna sampoen santoen nama sepoeh, mendet namaning bapa sarta mara sepoeh poenapa déné ingkang matoek kalijan padamelanipoen, inggih poenika: Wignjawijata. Roemijin mondok wonten grijaning loerahipoen, ananging sapoenika bawa pijambak, manggèn wonten ing grija gedong anggènipoen noembasaken mara sepoeh.

Anggènipoen djedjodoan ketingal atoet roentoet sih-sinihan, damel bingahing manahipoen tijang sepoeh-sepoeh sarta ingkang sami njawang. Ananging sarèhning kawontenan ing donja poenika limrahipoen boten langgeng, poenapa malih ḍaoepipoen Wignjawijata kalijan sémahipoen nama peksan, ingalami-lami katresnanipoen temantèn kekalih saja soeda, ingkang dados sabab: amargi boten saged djoemboeh kekadjenganipoen, ing sadinten-dinten tansah gèsrèk, bèntjèng boten saged tjondong ing pamanggih, ḍasar ing sadèrèngipoen ḍaoep Wignjawijata sampoen kewinihan ing widji: boten remen ḍateng sémahipoen, sadinten-dinten manahipoen tansah ketjoewan.

Kala-kala Wignjawijata toekoel manahipoen, njipta badé rabi malih, ngleksanani sedyanipoen: mendet pawèstri pinter wedalan ing pamoelangan, ingkang saged noetoeti kasagedanipoen, ananging kanggeg adjrih ḍateng tijang sepoeh. Awit mangertos manawi sedyanipoen waoe njoelajani.

Tijang sepoehipoen sampoen sami mangertos, manawi anggènipoen djedjodoan anakipoen sami kirang marem, mila sami kedoewoeng, roemaos ing kalepatanipoen, sanget anggènipoen ngroedatos.

Bawanipoen bok Wignjawijata tijang saé, sarta adjrih ḍateng tijang sepoeh, pramila sadaja piwoelanging bapa bijoeng dipoen toeroet, inggih poenika kapoerih mantoeni poegaling manahipoen, kadjawi namoeng kedah anoet mitoeroet ḍateng pangrèhing goeroe laki, sampoen andirèkaken badan, doepèh anaking tijang soegih, tansah ngatingalna ing lelabetan. Manawi ingkang djaler pinoedjoe mendoeng langitipoen, kedah katampi piwoelang, ngroemaosana bodonipoen.

Setijar waoe saja dangoe saja ketingal migoenani, Wignjawijata kénging kaadjeng-adjeng saged poelih sihipoen ḍateng ingkang èstri, boten naté ketingal tikel alisipoen.

Anoedjoe satoenggiling dinten, Wignjawijata ginandjar sakit sanget, madal djampi warni-warni, dokter ngawisi boten kénging neḍa teteḍan ingkang akas-akas, ngemoengna boeboer oetawi djenang paṭi. Tijang sepoeh-sepoehipoen sami ngalempak ḍateng: anenggani, ingkang èstri rinten daloe tansah anangisi, ingrikoe Wignjawijata soemerep, manawi ingkang èstri sanget ing soengkemipoen, rinten daloe boten pisah saking daganipoen. Saben Wignjawijata kèmoetan anggènipoen baḍé nilar rabi, ladjeng barebel medal loehipoen.

Sasarasipoen saking sakit, Wignjawijata ketingal poelih sih tresnanipoen ḍateng ingkang èstri, saja sareng dipoen tjarijosi, manawi ingkang èstri ngandeg, Wignjawijata sanget bingahing manah, soeka soekoer ing Goesti, sarta saja wewah kasoking tresnanipoen ḍateng ingkang èstri. Saking pangadjeng-adjengipoen sageda gaḍah anak djaler; poenika tjotjog kalijan kekoedanganipoen mara sepoeh.

Pangadjeng-adjeng waoe saking parmaning Pangéran saged kedoemoegèn, embok Wignjawijata kaparingan anak djaler, badanipoen kijat sarta bagas, lema slempoek-slempoek andemenakaken. Sarèhning wedalanipoen laré waoe toemboek kalijan wedalaning bijoengipoen, saking kadjengipoen njai Wignjaartana: kedah kaboetjal ḍateng pawoehan, awit manawi boten dipoen sarati makaten, salah satoenggil boten koewawi, aḍakanipoen larènipoen ingkang boten koewawi, ladjeng adjal. Mesṭinipoen adat ingkang makaten waoe: njoelajani kalijan pamanggihipoen mas goeroe Wignjawijata, toewin pepatjaking dokter, kados poendi, déné laré saweg lahir dèrèng dipoen panganggèni, kaboetjal ḍateng panggénan reged sarta kaṭah angin. Ingkang temtoe gampil ketjanḍak ing sesakit. Pramila Wignjawijata kalijan mara sepoeh ragi apradongdi, wekasan Wignjawijata soeménḍé takdir.

Baji kelamapahan kaboetjal ḍateng pawoehan, toemoenten kapoepoe déning embahipoen èstri: njai Wignjaartana, sarèhning badanipoen goṭot, kanamakaken Soekatja.

Let kalih dinten saking lahiripoen waoe, baji ketjanḍak ing sakit bentèr, Wignjawijata bingoeng ngatoeri dokter. Dokter mratélakaken manawi sakitipoen waoe djalaran kanginan, begdja déné énggal-énggal ngatoeri dokter. Wignjawijata sampoen mangertos, manawi sakitipoen waoe saking lepatipoen marasepoeh.

Njai soedagar pamanggihipoen taksih kina, kirang pitados ḍateng piwoelanging dokter, anggènipoen nesepi Soekatja tanpa takeran, tanpa wantji, sadaja piwoelangipoen Wignjawijata boten kapaèloe, laré dèrèng medal oentoenipoen sampoen kadoeblag

mawi oelegan sekoel, saben nangis dipoen sesepi, pramila saja mindjak oemoeripoen, saja soeda badanipoen.

Sareng sampoen oemoer sataoen badanipoen saja kera, namoeng mindjak pandjang, kerep sakit, dipoen šapih dèrèng kénging, sarta ketingal anggènipoen oegoengan angadi-adi, boten kénging kasèlèhaken saking embanan, saben kasèlèhaken nangis aringik-ringik. Djasar embahipoen sanget angoegoeng sarta ngela-ela, laré satoenggal embanipoen ngantos tiga. Embanipoen ingkang satoenggal taksih kaleres sanakipoen njai soedagar, awasta nini Goenawirasa, poenika sanget tresnanipoen djateng laré waoe, sarta pantjèn dipoen loeloeti.

III.

Soewarna Wignjawijata katilar pedjah ingkang èstri.

Wignjawijata sanget anggènipoen prihatos ngraosaken kedadosaning Soekatja, ingkang èstri katetah anggènipoen boten maèloe djateng wewarah sarta pepatjaking goeroe laki. Iboenipoen Soekatja boten saged mangsoeli poenapa-poenapa kedjawi namoeng ambrebes mili, roemaos ing lepatipoen. Witjantenipoen Wignjawijata:

„Saiki kowé mesti kapok, amarga kowé wis weroeh déwé kedadéané wong ora maèloe pitoetoeré wong lanang, lan kowé bandjoer ngerti perloené botjah wadon oega koedoe disekolahaké."

Ngantos oemoer kalih taoen, Soekatja dèrèng saged loemampah, awit saking kekatahen gendong, bokong tépos, soekoe lemes kirang kekijatan. Bapa bijoengipoen tansah naberèni sagedipoen ambirat djateng wewatekaning laré ingkang oegoengan, ngadi-adi, toeman dojan géndong. Sanadyan pangoedi waoe rekaos sanget, éwadéné dangoe-dangoe oegi migoenani. Soekatja andoengkap oemoer tigang taoen, embanipoen sampoen soeda kalih, kantoen satoenggal nini Goenawirasa, awit poenika ingkang sanget dipoen loeloeti déning laré waoe. Soekatja sampoen kénging katétah saking sakedik, rambatan sampoen saged, ginemipoen pélo tjlebang-tjleboeng dados goemoedjengipoen ingkang mireng.

Noedjoe satoenggiling wekdal, iboenipoen Soekatja ginandjar sakit sanget tansah dados petikan, madal djampi warni-warni, sadaja pitoeloengipoen djoekoen boten migoenani, tijang sepoeh-sepoehipoen sami djateng anenggani. Saben dinten dokter djateng anoewèni, sarta angawisi sanget, ingkang sakit boten kénging dipoen lebeti poenapa-poenapa, kedjawi namoeng poehan kémawon. Dokter sampoen soemerep, manawi ingkang sakit sadèrèngipoen kagarap déning dokter, sampoen dipoen garap déning djoe-

koen Djawi, ingkang kawroehipoen namoeng awoer-awoeran, pramila Wignjawijata kapoerih andjagi kalajan temen. Wignjawijata ningali raganipoen ingkang èstri kera ngrowok kantoen loeng-lit, sakelangkoeng welas, sanget ing prihatosipoen, sakeḍap-sakeḍap roentoeh loehipoen.

Anoedjoe satoenggiling dinten, Wignjawijata mantoek saking pandamelan, saweg djoemangkah loemebet ing grija, kapeṭoekaken déning mara sepoehipoen èstri, ladjeng kakanṭi ḍateng patilemaning sémahipoen, witjantenipoen:

„Galo, doeloenen bodjomoe meneng baé, maoe ora éling, nanging saiki wis lilih, sing ditakokaké moeng kowé." Ingkang sakit sareng dipoen tjelaki ingkang djaler ladjeng mèsem, seret witjantenipoen ririh: „Bapakné, koela empoen boten betah nanḍang lara koela, koela moeng titip poetrané Soekatja, ampoen kerep didoekani, mesakaké, laré empoen boten gaḍah bijoeng."

Wignjawijata maras manahipoen, witjanten kalijan ambrebes mili: „Adja, iboené, kowé djoḍokoe toenggal panoeksma, djoḍokoe sapati oerip, anakmoe sapa sing momong jèn kotinggal. Kowé maoe mangan apa, iboené?"

Ingkang èstri peḍot-peḍot wangsoelanipoen: „Kala waoe dipoen paringi djenang paṭi garoet . . . . . poen embok . . . . . sakelangkoeng anggèni . . . . . .poen . . . . . mi . . . . "

Dèrèng rampoeng anggènipoen witjanten, embok Wignjawijata keselak poepoet oemoeripoen. Ingkang djaler ladjeng nangis ngroengkebi lajonipoen sémah, boten ènget, sanalika sagrija oedan tangis.

Wignjawijata émoetipoen saking soemapoet ladjeng kéngkénan soeka soemerep ḍateng ing Srikaton: ngatoeri bapakipoen.

Lajon sasampoening kaoepakara rampoeng, ladjeng kaangkataken ḍateng koeboer. Manahipoen Wignjawijata kados tijang ngengleng, ngantos sawatawis dinten boten loemebet ḍateng padamelan, éndjing sonten noewèni koeboeraning sémahipoen.

Soekatja kebekta embahipoen ḍateng Manisrengga. Bapakipoen sanget anggènipoen anggéndoli, nanging tanpa damel, awit kelindih rembagipoen. Nalika marasepoehipoen pamit mantoek ḍateng Manisrengga kalijan ambekta anakipoen, manahipoen Wignjawijata koemelap kados kalpika kaontjatan sotja.

Ngantos dangoe embok Wignjawardaja lerem wonten ing grijaning anak, awit saben baḍé pamitan mantoek: ladjeng dipoen gondèli, kapoerih nenggani ngantos sapoelihing manahipoen. Wignjawijata prasasat saben dinten minggoe késah ḍateng Manisrengga: noewèni anakipoen.

IV.

Wignjawijata rabi malih.

Let sataoen saking adjaling sémah, Wignjawijata saweg poelih manahipoen. Kala-kala oegi taksih kèngetan ḍateng djenating iboenipoen Soekatja, ananging inggih gampil pambiratipoen.

Wignjawijata toewoeh tjiptanipoen baḍé ngleksanani sedyanipoen nalika taksih djedjaka, inggih poenika baḍé ngoepados sémah malih: tijang ingkang pinter wedalan pamoelangan. Ingkang dipoen angkah poetraning loerahipoen ingkang woeragil nama Radèn Rara Insijah, sampoen wantji diwasa soelistya ing warni, tamat pasinaonipoen, titi ing wewéka, soemerep ing wangsit, ḍasar loerahipoen oegi gaḍah mélik ḍateng Wignjawijata, margi sampoen ketitik ing saéning kelakoeanipoen.

Wignjawardaja sanget anggènipoen njantosani sedyanipoen Wignjawijata, mila ladjeng énggal manggihi loerahipoen Wignjawijata, ngeboen-eboen éndjing andjedjawah sonten.

Wignjawijata kelampahan ḍaoep kalijan Radèn Rara Insijah. Pangantèn kalih sami kasok ing katresnanipoen, atoet-roentoet boten naté soelaja.

Noedjoe dinten liboeran, Wignjawijata sarimbit dolan ḍateng ḍoesoen Srikaton. Sareng sampoen linggihan sawatawis dangoe, baḍé ngladjengaken lampah toewi tilas mara sepoeh ḍateng Manisrengga, sarta sampoen kangen ḍateng Soekatja. Bok Wignjawardaja toemoet.

Wonten ing Manisrengga, Wignjawijata dipoen tampèni kalajan pakoermatan. Kjai Wignjaartana djaler èstri toemoet ngraosaken kabingahan soemerep pangantèn sadjoḍo sami sih-sinihan.

Soekatja kapanggihaken kalijan bapakipoen sarta embahipoen Srikaton. Witjantenipoen Winagnjawijata: „Mrénéja, lé. Bapak wis kangen."

Embahipoen njambeti: „Ja, koewi anakmoe, mentas daktoekokaké gelang di-ilangaké saselé. Botjah ora kena dianggoni barang betjik. Saja geḍé moenḍak nakalé."

Wangsoelanipoen Wignjawijata djaler èstri: „Makaten poenika simbok pijambak ingkang lepat, awit laré alit poenika, manawi dipoen panganggèni barang ingkang kaṭah adjinipoen: kerep damel bilainipoen. Sarta laré oegoengan mesṭi boten gaḍah adjrih ḍateng tijang sepoeh."

Witjantenipoen njai soedagar kalijan goemoedjeng: „Nakala kaé nakal menjang ninèkné, ja, lé; ngilangna kaé ngilangaké gelangé ḍéwé, ja, nang. Ing bésoek toekoe manèh."

Wignjawijata njambeti: „Koela bingah sanget, déné ingkang wajah sampoen ketingal agal. Angkah koela ṭolé poenika baḍé koela lebetaken sekolah Walandi ing kiṭa."

Wangsoelanipoen mara sepoeh djaler èstri: „Akoe djoemoeroeng banget, akoe saiki wis ngerti, jèn kapinteran lan kagoenan ikoe dadi paoegeraning pangoeripan. Bapakmoe adi Wignjawardaja kerep kanda' marang akoe, sanadyan wong kang wis tinakdir soegih, ja koedoe doewé kapinteran, marga wong pinter mesti loewih oendagi mboedi oendaking radja branané. Lan kasoegihan ikoe bisa sirna, nanging kapinteran ora bisa sirna. Kekoedangankoe ing bésoek: poetoekoe bisaa ambandjoeraké pasinaoné marang pamoelangan Landbouw sarta sekolahan dagang."

Sadangoenipoen sami ginem raos, Soekatja ngranggèh tetedan ingkang wonten médja kadamel segah bapakipoen, tangan kalih njeketem tetedan sadaja, toemoenten kasoekakaken dateng embanipoen ingkang ngadep ingrikoe. Witjantenipoen Soekatja:

„Nja, embah Oena, dakdjoepoekaké panganan, gelis panganen."

Witjantenipoen njai soedagar: „Ikoe lo, doeloenen anakmoe, lomané. Saben mangan apa-apa ora lali marang ninèkné. Anakmoe koewi dremba banget, jèn djadjan sadodokan baé ora sedeng saketip, moela wetengé ambalendis kakéhan isi. Lorodané ora olèh dipangan sapa-sapa: kedjaba embané."

Wignjawijata djaler èstri mèsem, boten mangsoeli poenapa-poenapa.

Sapoenika saweg kasoemerepan déning Wignjawijata, manawi anakipoen risak tatanipoen, boten soemerep ing tata-krama. Ing batos sanget isin dateng ingkang èstri, dipoen wastani boten saged anggoelawentah laré. Mangka ing sajektosipoen dadosing laré ingkang makaten: saking panoentoening emban toewin pangoegoenging embahipoen. Wignjawijata saweg mangertos sapoenika, manawi embanipoen Soekatja satoenggiling tijang tjoelika sarta tjlimoet, mila kedah énggal kapisah kalijan momonganipoen, awit boten sandé ing tembé masti noelari. Setijar ingkang prajogi boten wonten malih: kadjawi namoeng larénipoen kabekta dateng kita, oetawi dipoen santoeni emban, nanging masti rekaos, awit laré sarta emban sampoen sami tresnanipoen. Wignjawijata gadah panginten, manawi itjaling gelangipoen Soekatja ingkang dipoen tjarijosaken marasepoeh, saged oegi kapendet embanipoen pijambak. Salebetipoen anggagas makaten, Wignjawijata ketingal poeteking manah.

Marasepoehipoen witjanten: „Sasoewéné pada boengah omong-omong, kaja kowé katon nandoet prihatin?"

„Dasar inggih makaten, bapak." Wangsoelanipoen Wignjawijata kalijan mèsem. „Sareng koela soemerep walagangipoen ingkang wajah ladjeng kèngetan ingkang asesoeta, sampoen katah lelabetanipoen dateng koela. Pramila manawi bapak sakalijan andanganaken, sarèhning ingkang wajah sampoen ketingal agal, koela keparenga gentos ngemong, kanggé pengarem-areming manah koela."

Sanadyan sanget-sanget panedjanipoen Wignjawijata, nanging oegi boten kaoeloengaken, awit Soekatja saja ageng saja ketingal roepinipoen, embahipoen djaler èstri saja boten betah pisah. Tjiptaning manah, laré waoe kanggé lintoe anak ingkang sampoen adjal, sarta ingkang badjé nampèni warisan sadaja barang radja darbèkipoen. Manawi namoeng perloe Soekatja badjé kasekolahaken Walandi, dipoen semadosi jèn sampoen oemer 5 taoen, nanging inggih kedah kalandjo mawi kréta saking Manisrengga.

Sarèhning anggènipoen ngekahi embah ngantos nelasaken gendjing, Wignjawijata ladjeng pasrah djateng ingkang Maha Kawasa, ing tembé kados poendi kedadosanipoen, namoeng soemarah begdjaning laré.

Ing wantji bibar neda sijang, Wignjawijata djaler èstri pamitan mantoek, djalaran mindak selak kebeteng djawah. Embok Wignjawardaja taksih kantoen, kangenipoen djateng Soekatja dèrèng mantoen. Radèn Ngantèn Wignjawijata dipoen soekani tetenger déning njai soedagar warni sesoepé lintring sadjodjo mripat barléjan, dahat ing panoewoenipoen. Sadèrèngipoen pangkat, Wignjawijata tansah meling wantos-wantos soepados embanipoen Soekatja énggal dipoen santoeni.

Ing samargi-margi Wignjawijata tansah anggagas anakipoen, kados poendi kedadosanipoen ing tembé. Ingkang dipoen soemelangaken, manawi Soekatja kewinihan ing ambeg adigang adigoeng, ngegoengaken poetoening tijang soegih, sarta kedjeran ing kelakoeanipoen emban.

V.

Soekatja itjal.

Kinten-kinten wantji djam pitoe daloe, Wignjawijata saweg gineman kalijan sémah, ngrembag Soekatja, sanalika mireng katopraking kapal loemebet ing latar, ladjeng dipoen wedali, teléla ing paningalipoen, manawi ingkang djateng waoe marasepoehipoen: kjai Wignjaartana. Wignjawijata goerawalan nampèni kapalipoen katoentoen djateng ing gedjogan, ladjeng linggih satata.

Menggah ingkang dados perloenipoen kjai Wignjaartana djateng ingrikoe, badjé nroetoeli poetoenipoen poenapa toewi bapa djateng kita, awit wiwit éndjing késah kalijan embanipoen ngantos wantji sonten dèrèng mantoek. Poenika damel ribed sarta goegoeping manahipoen kiai soedagar djaler èstri. Ingkang dipoen koewatosi, manawi kénging pamboedjoek sarta pamiloetanipoen para wèrek koeli kontrak. Wiwitanipoen makaten: Ing wantji éndjing njai soedagar Wignjaartana késahan djagong djateng djoesoen

Domas grijaning kantjanipoen soedagar: gadah damel mantoe, Soekatja toemoet, kagéndong embanipoen nini Goenawirasa. Watawis djam satengah sawelas sijang njai soedagar badé mantoek, nanging Soekatja toewin embanipoen dipoen padosi boten kepanggih, sanalika ladjeng damel gègèring tijang ing sadoesoen ngrikoe.

Saweneh wonten tijang tjarijos: „Kala waoe koela soemerep wonten tijang sepoeh anggéndong laré medal ing lawang régol boetoelan ngrikoe, saladjengipoen koela boten soemerep." Wonten malih ingkang witjanten: „Dèk maoe akoe weroeh ana wong wadon toewa loemakoe gegantjangan, nrabas ing sawah noeroet galengan, paraně ngidoel ngétan, nanging emboeh ngemban botjah, emboeh ora, akoe koerang mratitisaké." Warni-warni tjarijosing tijang.

Kados poenapa kagèting manahipoen Wignjawijata, sareng dipoen kabari: manawi anakipoen kabekta késah déning emban boten kantenan poeroegipoen. Sanalika nglengger boten saged witjanten kados toegoe sinoekarta. Dangoe-dangoe Wignjawijata pasrah dateng Hjang Moerbèng Bawana, ingkang tansah paring kamirahan ing kawoelanipoen, ladjeng witjanten:

„Ingkang wajah Soekatja prajogi kapasrahaken ing Hjang Maha Kawasa, moegi kaparingana wiloedjeng kalis ing bantjana. Koela gadah panginten, bilih kala Soekatja andèrèk djagong poen embok, dipoen anggèn anggèni panganggé ingkang katah reginipoen, sarta embanipoen oegi dèrèng dipoen santoeni, taksih embok Goenawirasa. Bilih njata makaten, mesti emban waoe boten kénging pamiloetaning djoeroe boedjoek koeli kontrak, sarta sakedik sanget pangadjeng-adjeng koela sagedipoen kepanggih ingkang wajah."

Kjai soedagar mantoek mantoek klajan koetjem ing semoe.

Poetoesaning rembag, Wignjawijata kapoerih ngoeroes dateng Semarang. Kjai soedagar kadjibah lapoer dateng prijantoen poelisi ingkang ambawahaken doesoen Manisrengga, inggih poenika kaonderan Srikaton, soepados kaparingan pitoeloeng ngoeroes dateng Semarang, sarta njebar serat bajawara. Kjai soedagar oegi damel sajembara: sinten-sintena ingkang saged manggihaken poetoenipoen, dipoen soekani pitoewas arta f 100, sarta barang panganggéning laré waoe, adjinipoen boten kirang saking f 750.

. . . . . .

Ing wantji djam 3 daloe, ing doesoen ingkang doemoenoeng sapinggiring banawi Sala, kawastanan doesoen Welahan, wonten satoenggiling tijang èstri sepoeh anggéndong laré, kèndel ing sapinggiring margi tansah midjeti soekoenipoen kalih pisan. Sarèhning tijang roenda nganggep manawi poenika tijang njalawadi, pramila ladjeng kaanggrak, dipoen pitakèni nama sarta grijanipoen. Tijang èstri sepoeh boten poeroen ngaken namani-

poen sadjatos, ngaken kéré kedalon, margi katebihen anggènipoen késah ngemis, swaranipoen ngrerintih kados tijang nandang sakit. Begdja, déné tijang roenda waoe boten ambekta tjolok, saoepami tijang roenda poeroen njoloki mawi rèk, saèstoe tijang èstri sepoeh waoe dados bebandan. Sanadyan ing daloe waoe noedjoe padang remboelan, nanging wekdal poenika remboelan kinemoelan méga, tjiang namoeng ketingal andjenggereng remengremeng. Tijang èstri sepoeh manahipoen boten sakétja, bingoeng anggènipoen badé pindah pakèndelan, sakedap-sakedap ngliling laré ingkang dipoen géndong sampoen tilem kepatos. Panglotjitaning manah: „Iki woedjoed kedadéané wong kang ketémpélan panggawéning sétan, ora woeroeng mesti bakal nemoe bilai. Akoe ora weroeh: endi nagara kang koedoe dakdjoedjoek, lan akoe ora soemoeroep laladan tanah ngendi kang dak-idak iki."

Tijang èstri sepoeh ladjeng loemampah mangétan kalajan panalangsaning manah. Ing samargi-margi tansah ngandoet soemelang, manawi kepetoekan tijang. Lampahipoen dèrèng wonten 50 tindak, tijang èstri sepoeh doemoegi ing sapinggiring banawi, ingrikoe kandeg lampahipoen, ningali ngiwa nengen katah baita kèndel oeroet pinggir banawi boten wonten ingkang nglampahaken. Tijang èstri sepoeh sanget djibeging manah, badanipoen pijambak katetah-tetah, tjiptanipoen: „Botjah iki jèn dakgawa mrana-mrana ngebot-eboti sarta andjedjodèri lakoe, nanging kaprijé, oepama daktinggal ana kéné. O, nggèr, si ninèk nenoewoen mring Hjang Maha Kawasa: moega-moega kowé didohaké saka bantjana, lan pamoedjikoe anaa wong gelem moepoe ragamoe."

Laré kasèlèhaken ing paroempoetan alon-alon kalambaran ing slèndang emban-emban. Panganggénipoen warni gelang mas oekon mripat barléjan sadjodo, kaloeng barléjan pangarak arta dinar saprangkat dipoen dèdèli ladjeng dipoen boendeli ing setagèn, toemoenten katilar késah.

Saweg djoemangkah angsal 5 tindak, tijang éstri sepoeh kanggek salebeting manah, ladjeng méngo ningali laré waoe, sakala ènget ing katresnanipoen. Sareng soemerep laré waoe ketingal gilang-gilang sakétja tilem, tjengkélak wangsoel kalijan ambrebès mili, witjantenipoen: „Adoeh, bagoes Soekatja, njawané si ninèk, akoe ora tegel ninggal kowé. Adoeh, inten poetoekoe, sing banget ditresnani ing embahé lan wong toewané, adja gelem jèn ditinggal idjèn ana kéné . . . . . ."

Saking boenek sarta ribeding manahipoen tijang èstri sepoeh waoe, inggih poenika nini Goenawirasa, badanipoen ladjeng kabanting-banting, kèngetan ing sasaring tindakipoen, kesoepèn manawi wonten sapinggiring banawi, doemakan ladjeng mireng swaraning sagawon andjoegoeg, pangraosipoen kados metik koepingipoen, woesana ènget goeragapan, nginten manawi wonten

tijang ḍateng ambekta sagawon. Nini Goenawirasa loemadjeng noendjang-noendjang, wekasan ketjegoer ing banawi.

Ing wantji éndjing, bekel ḍoesoen ing Welahan tampi palapoeranipoen tijang nama Pak Begdja, njarijosaken manawi sémahipoen manggih laré wonten sapinggiring banawi, watawis oemoer 4 doemoegi 5 taoen. Sasampoening mariksa ing blabag, loerah bekel ḍoesoen waoe ladjeng ngirid Pak Begdja kasowanaken ḍateng paréntah kaonderan distrik ing Temoeloes.

Mantri Onderdistrik ing Temoeloes resep ningali poen Soekatja, saking pamawangipoen kados poetraning prijantoen. Soekatja bawanipoen laré nakal boten gaḍah adjrih ḍateng sinten-sinten, nanging sareng karoeboeng-roeboeng tijang kaṭah ladjeng nangis, witjantenipoen: „Simbah endi, akoe wedi."

Wangsoelanipoen Mantri Onderdistrik: „Ja akoe iki embahmoe."

—: „Doedoe! Simbah wis toewa."

—: „Saiki nom manèh."

—: „Simbah doewé djénggot poetih dawa."

—: „Saiki wis ditjoekoer."

—: „Embah wédok endi?"

Soekatja ladjeng kabekta loemebet ing grija kapasrahaken Radèn Ajoe Onder, awit Mantri Onderdistrik waoe dèrèng gaḍah anak.

Mantri Onderdistrik ḍateng ing ḍoesoen Welahan perloe mriksa ing blabag, toemoenten ḍawoeh nglatjak oeroet banawi, bok manawi tijang sepoehipoen laré waoe kèli margi anggènipoen adoes. Tijang saḍoesoen sami nglatjak sadaja, ngantos lampahan sapal, nanging boten angsal damel. Witjantenipoen tijang nama Sasetika: „Kirakoe botjah temon ikoe anaké kéré kang kepeṭoek akoe roenḍa maoe bengi."

VI.

Kepanggihipoen Soekatja.

Wignjawijata sampoen kelampahan késah ḍateng Semarang, nanging boten angsal damel. Antoekipoen saking Semarang mampir Sala andjoedjoeg ing grijanipoen tijang nama Wongsawigoena toekang watjoetjal, inggih poenika anakipoen nini Goenawirasa, nanging oegi boten angsal tjitikan poenapa-poenapa.

Wangsawigoena tampi kabar manawi bijoengipoen késah boten kantenan poeroegipoen: manahipoen goegoep kontrang-kantring.

Wignjawijata mantoek nglenṭoeng kalajan prihatos, marasepoehipoen tansah kaoering-oering.

Kados poenapa tjoemeplonging manahipoen Wignjawijata, sareng tampi serat saking Mantri Onderdistrik ing Srikaton, ingkang soeraosipoen soeka soemerep, manawi Mantri Onderdistrik waoe badé dateng nagari, Wignjawijata kedah toemoet, sarta kedah noempak kapal, wantji djam sakawan sonten, badé dipoen ampiri, djalaran wonten oeroesan bab itjaling anakipoen.

Wangsawigoena sampoen loewar saking prihatos, awit bijoengipoen nini Goenawirasa sampoen kepanggih, mantoek pijambak dateng nagari, ananging taksih ngandoet soemelang, bok bilih kedengangan poelisi.

Nini Goenawirasa dèrèng kénging dipoen pitakèni, saben kaadjak gineman ladjeng ndaleming: „Akoe wong brèwoe, akoe wong soegih; sapa sing ora ngerti, jèn bandakoe dakpangau sadjeg oemoer isih toerah; ikoe masti dadi bagéané anakkoe si Wangsawigoena."

Wangsawigoena lega manahipoen, sareng nini Goenawirasa kénging dipoen pitakèni sakedik-sakedik, èngetanipoen sampoen ketingal djedjeg.

Ing wantji bibar neda sonten, nini Goenawirasa witjanten dateng anak sarta mantoenipoen: „Saiki akoe wis soegih temenan, nanging soegih winadi, begdja, déné kowé pada ora sida kélangan wong-toewa, kang banget soegihé. Nalika akoe lagi linggih..... ing..... sapinggiring bangawan, ana bégal nggawa asoe sapirang-pirang soemedya ngrajah barang radja darbèkkoe."

Doemoegi samanten anggènipoen witjanten nini Goenawirasa ladjeng ambrebes mili, tjarotjosan loehipoen, kèngetan dateng laré ingkang katilar, saja dangoe saja nangis mingseg-mingseg boten kénging kapenggak. Witjantenipoen malih:

„Ora kliroe oepama Pangéran kang Maha Loewih paring paoekoeman marang akoe. Éwadéné nalika ikoe isih paring pangapoera marang akoe. Kang mangkono maoe mratandani, jèn kowé sing isih pada akèh begdjamoe. Bareng akoe weroeh jèn bakal dirajah ing bégal, akoe énggal ambjoer ing bangawan. Rahajoené déné wektoe ikoe bangawan panoedjoe asat, djeroning banjoe moeng sadedeg, akoé bisa nglangi njabrang kalawan gampang, nanging sandjangankoe teles kaleboes. Nalika ikoe wis wajah bangoen, akèh wong liwat ing dalan, loenga menjang pasar. Akoe nemboeng ndjaloek noenoet miloe loemakoe; daktakoni wong-wong maoe soemedya loenga menjang pasar Soekaardja. Kroengoe temboeng Soekaardja, kaja apa tjlesing pikirkoe, sanalika padang trawangan, awit akoe mastèkaké masti bisa moelih menjang nagara kalawan gampang, apa manèh bareng wong-wong maoe pada kanda, jèn ing Soekaardja akèh krèta séwan."

Salebetipoen sami rerembagan waoe, sanalika mireng soewaraning kori ngadjeng katotok, sarta wonten swaraning tijang neda dipoen wengani kori. Wangsawigoena goegoep badé ngengakaken

kori. Sadèrèngipoen kori kabikak, nini Goenawirasa kapoerih ngroemijini kèsah saking grija waoe, awit Wangsawigoena soemerep, manawi ingkang neḍa kori waoe loerah Kapala kampoeng. Nini Goena baḍé medal ing lawang boetoelan wingking, saweg gerit ambikak kori, toemoenten dipoen tampèni déning Mantri poelisi Raḍèn Goerénda toewin Mas Wignjawinata, oepas satoenggal, tjeg karangkoes tanpa boedi, teroes kabekta ḍateng kantor Wadana Poelisi; Wangsawigoena toet wingking kalajan ambrebes mili. Bok Goenawirasa ing samargi-margi tansah ngesah sarta sambat-sambat.

Ing daloe poenika oegi nini Goenawirasa kabekta ḍateng ing kaonderan Srikaton, Wangsawigoena boten kantoen. Nini Goenawirasa boten kèndel-kèndel anggènipoen nangis, sambatipoen ngaroe-ara. Nalika poenika kewedal temboengipoen ingkang pepetingan: „Ḍoeh, Allah, kang Maha Koewasa, mirah ing donja toewin ing akérat kawoela sampoen martobat sajektos. Ḍoeh, anak poetoekoe, adja ana kang tiroe akoe."

Èndjingipoen nini Goenawirasa dipoen oegeri patoeranipoen wonten ing kantor kaonderan Srikaton; sareng sampoen rampoeng, ladjeng kaangkataken ḍateng kita, katahan ing salebeting koendjara, ngentosi poetoesan landraad.

Manahipoen Mas Wignjawijata sarta tijang sepoeh-sepoehipoen sami dèrèng lega, awit ingatasing anakipoen dèrèng angsal titikan poenapa-poenapa. Sadaja tjarijosipoen nini Goena boten damel paḍanging manah, déning tansah mbolak-mbalik, manawi kaboedjeng-boedjeng ladjeng nangis.

Let sapeken Mantri Onderdistrik ing Srikaton tampi serat ḍawoeh saking kaboepatèn, paring soemerep manawi Mantri Onderdistrik ing Temoeloes manggih laré wonten ing ḍoesoen Welahan. Sarèhning Mantri Temoeloes sampoen ngjakinaken, manawi poenika njata laré ingkang itjal kaseboet ing serat bajawara, pramila tijang nama Mas Wignjawijata sarta kjai soedagar Wignjaartana: katemtokaken énggal njatakaken ḍateng ing kaonderan distrik Welahan.

Wignjawijata sarta kjai soedagar satampining serat ḍawoeh waoe bingahipoen marwata soeta. Kjai soedagar sampoena isin djénggotipoen sampoen peṭak: mesṭi ndjèngklèk djedjogédan.

Kjai soedagar kanṭi mantoenipoen sampoen kelampahan sowan ḍateng ing kaonderan distrik Welahan, sareng kepanggih poetoenipoen, kalih pisan nangis angglolo. Kjai soedagar ngatoeraken arta f 100 ḍoemateng Mantri Onderdistrik, soepados kaparingaken tijang ingkang manggihaken laré waoe. Barang panganggénipoen Soekatja ingkang sampoen kapoenagèkaken: ngentosi manawi sampoen katampi saking Paréntah.

Katjarijos nini Goenawirasa wonten ing selebeting koendjara tansah nangis rinten daloe, ngraosaken kasangsaraning badanipoen,

kinoeroeng boten saged kepanggih sanak sadèrèkipoen, kadjab ingkang karaos-raos ing manah, tansah netah badanipoen pijambak toewin nalangsa. Sarèhning sampoen mangertos, manawi boten saged loewar prakawisipoen, mangka ngraosaken wirang manawi ngantos kapatrapan paoekoeman, wasana saking bantering prihatos, nini Goenawirasa pedjah ngenes wonten ing pakoendjaran.

VII.

Soekatja sekolah Walandi.

Sapoenika Soekatja toemoet bapa, boten toemoet embah. Kjai soedagar boten saged anggéndoli poetoenipoen, awit roemaos ing lepatipoen.

Soekatja ing sadinten-dinten tansah 'rinoban ing piwoelang, sarta kaperdi ing padamelan ingkang èntèng-èntèng, dasar Wignjawijata djaler èstri nama oendagi mardi laré, wasis ngoepados sarana ingkang saged noewoehaken pikadjenganing laré dateng padamelan. Wignjawijata djaler èstri sanget ing pangoedi: saged-ipoen Soekatja mantoen andjadjani sarta boten gadah watek anggrangsang, toewin sageda sirna ambekipoen ingkang adigang adigoeng.

Sarèhning Soekatja waoe menggah ing patrap pratingkah sampoen manoeh oembar-oembaran, mangka sareng toemoet bapa sadaja kekadjenganipoen katah ingkang kapatet, neda mawi wantji, padamelan ambanjoe mili, pramila ngraos dados laré oekoeman. Saben dipoen toewèni embahipoen katah anggènipoen wewadoel sarta gadah paneda toemoet mantoek dateng ing doesoen. Embahipoen dipoen wadoeli warni-warni ladjeng ambrebes mili.

Saja dangoe Wignjawijata saja tamat dateng kelakoean toewin wewatekanipoen Soekatja, sarta gadah panginten manawi kelakoean toewin wewatekan waoe angèl dipoen sirnakaken. Wewatekanipoen Soekatja: oegoengan, ngadi-adi, loemoeh, kesèd, kemproh, andjadjani, anggep, brangasan, loemoeh kasoran. Sampoen tamtoe wewatekan ingkang makaten damel prihatosing tijang sepoeh sarta tijang ingkang sami tresna. Ingkang sakelangkoeng kasoesahaken déning Wignjawijata anggènipoen Soekatja ketawis sampoen kesérénan poesaka saking emban: watek tjalimoet. Watek satoenggal poenika ingkang kedah énggal kasirnakaken langkoeng roemijin, awit manawi boten énggal sirna tamtoe saja dangoe saja kandel, angèl pambiratipoen.

Saja ageng Soekatja saja ketingal watekipoen tjoelika, kerep konangan déning bapa sarta iboenipoen: anggéné mendet tetedan sarta arta dateng ing rimatan. Nakalipoen oegi boten sirna, saja

ageng saja ngrebda, ngantos kantjanipoen dolan sami njirik, wegah anggènipoen remen mara-tangan sarta tjalimoetipoen.

Soekatja saja mindak oemoer saja boten gadah adjrih dateng bapa toewin iboenipoen koewalon; saben dipoen srengeni anggènipoen sasar ing pratingkah, sok ngoenda mana, manawi grija saisinipoen waoe gadahaning embahipoen. Wignjawijata oegi soemerep, manawi toewoehing temboeng makaten waoe saking embahipoen èstri ingkang andederi; toewin anggènipoen boten gadah adjrih dateng tijang sepoeh poenika oegi embahipoen ingkang meminihi.

Radèn Ngantèn Wignjawijata ngraosaken wegah mardi Soekatja. Sampoena adjrih dateng goeroe laki, jektosipoen langkoeng bingah énggal pisaha, awit kedjawi saking ambadal piwoelang, saben-saben dipoen pitoetoeri, boten mitoeroet malah ngoenda mana. Saben konangan anggènipoen memendet, soembar-soembar manawi ingkang kapendet waoe gadahaning embahipoen. Kala-kala Radèn Ngantèn Wignjawijata mireng witjantenipoen Soekatja ingkang njalekit, asring badé moentap nepsoenipoen, nanging kasandèkaken, awit kémoetan manawi poenika oengeling laré. Ingkang sanget dipoen érami Radèn Ngantèn goeroe, déné Soekatja waoe: sanès anak poetoening tijang tjoelika teka gadah watek tjalimoet.

Semoenipoen Radèn Ngantèn goeroe boten mangertos, manawi watek tjoelika waoe poesaka saking emban: nini Goenawirasa ingkang gadah dederan. Pramila tijang pados embaning laré boten kénging mendet satijang-tijangipoen kémawon, kedah milih tijang ingkang kalakoeanipoen sae, temen, pinter, tjantjingan ing damel, resikan, sarta gadah pangéman toewin tresna dateng laré.

Kedjawi Soekatja, Wignjawijata sampoen gadah anak kalih saking Radèn Ngantèn Wignjawijata; ingkang sepoeh djaler wasta Santosa, ingkang nèm èstri nama Rara Indinah.

Sadèrèngipoen adinipoen ketingal agal, Soekatja sampoen kapisah langkoeng roemijin, boten kénging noenggil, awit Wignjawijata djaler èstri soemerep, manawi kalakoeanipoen Soekatja gampil noelaripoen.

Soekatja katitipaken dateng njonjah Walandi ing nagari, mitranipoen Radèn Bèi Soemawijata, marasepoehipoen Wignjawijata. Wonten ing nagari: Soekatja kasekolahaken Walandi, saben woelan waragadipoen f 25, poenika embahipoen kjai soedagar ingkang ngwontenaken.

Wignjawijata gadah panginten sarana setijar kaseboet inginggil waoe: Soekatja badé saged sirna poegalipoen, awit sampoen pitados sajektos dateng kalimpadanipoen njonja Van de Blink: mardi laré, toewin sampoen katah lelepihanipoen.

Salebetipoen sadinten kalih dinten, Soekatja ketingal seneng, awit kasekolahaken Walandi, amor kalijan laré-laré katah, nanging dangoe-dangoe roemaos prasasat wonten ing salebeting pasétran,

awit wonten ing grijanipoen njonjah Van de Blink kerep dipoen srengeni, sarta kantja-kantjanipoen ingkang noenggil mondok ingrikoe sami njatroe; wonten ing salebeting pamoelangan sarta wonten ing grija kerep dipoen oekoem.

Njonjah soemerep pasemonipoen Soekatja saben dinten ketingal soesah ngraos welas, kantja-kantjanipoen dipoen oendangi sadaja kapoerih sami wawoeh; Soekatja kapoerih mantoeni nakalipoen sarta anggènipoen ambek soemakéhan soepados boten kasirik déning kantja-kantjanipoen. Kaṭah-kaṭah anggènipoen njerep-njerepaken Soekatja.

Ing Srikaton kalebet ramé, dados kradjaning kamantrèn Onderdistrik sarta wonten pabrikipoen tèh toewin kopi. Kangdjeng Gouvernement anggalih perloe ingrikoe dipoen dèkèki pamoelangan djawi. Sareng sampoen dados grijanipoen pamoelangan, ngleresi woelan Sawal, pamoelangan waoe kabikak. Ingkang katetepaken dados Kapala goeroe ingrikoe: Mas Wignjawijata, andadosaken bingahing tetijang Srikaton sadaja. Kaṭah tijang sami ngoetjap: Mas Wignjawijata kaoepamèkaken: kebo moelih ing kandangé.

Nalika Wignjawijata tetep dados Kapala goeroe ing Srikaton, mara sepoehipoen oegi minggah dados goeroe angka satoenggal ing pamoelangan H. I. S. Semarang. Nalika samanten Santosa sampoen oemoer 5 taoen, pramila ladjeng kabekta embahipoen dateng Semarang, kalebetaken ing pamoelangan H. I. S. panggénanipoen njamboet damel.

VIII.

Soekatja kawedalaken sekolahipoen.

Wignjawijata kerep toewi Soekatja ḍateng nagari, perloe njoemerepi menggah ing bab kawontenanipoen. Njonjah Van de Blink mratélakaken, manawi nakalipoen Soekatja ngantos nelasaken gending, malah kala-kala poeroen memendet. Wignjawijata nedakaken pangapoenten kaṭah-kaṭah, sarta soeka soemerep menggah sabab-sababipoen Soekatja gaḍah kelakoean makaten, pramila inggih kedah pinendir pamardinipoen.

Noedjoe ing satoenggiling dinten, Wignjawijata tampi serat saking Njonjah Van de Blink, soeraosipoen ngoendang Wignjawijata soepados ḍateng nagari, perloe kaadjak ngrembag Soekatja.

Wignjawijata saḍatengipoen ing nagari kepanggih kalijan njonjah Van de Blink, dipoen kabari manawi njonjah tampi goegating goeroenipoen Soekatja, bilih Soekatja mendet sangoening kantjanipoen ingkang kadèkèk ing lorogan médja, poenapa malih kerep mendeti boekoe. Ingkang poenika kadjenging goeroe, laré ingkang

makaten kedah kawedalaken saking pamoelangan, awit minḍak nenoelari toewin damel kapitoenan ḍateng kantja-kantjanipoen. Njonjah oegi sampoen kepanggih kalijan goeroe, neḍakaken pangapoenten, sarta neḍa sagedipoen taksih lestantoen sekolah. Awit saking kanḍih déning rembagipoem njonjah Van de Blink, temahan goeroe sagah nampèni wangsoelipoen Soekatja toemoet sekolah malih, nanging Soekatja kedah kaoekoem ingkang langkoeng awrat, sarta tijang sepoehipoen pijambak oegi kedah neḍakaken pangapoenten ḍateng goeroe.

Wignjawijata bingahipoen mrawata soeta, déné Soekatja sandé kawedalaken saking pamoelangan. Wignjawijata soemerep manawi sajektosipoen njonjah Van de Blink panggoela wenṭahipoen ḍateng Soekatja kanṭi pangéman toewin katresnan.

Wignjawijata sasampoenipoen pepanggihan kalijan goeroe pangagenging pamoelangan Walandi, ladjeng pamitan mantoek sarta soeka genging panoewoen ḍateng sadaja pitoeloenganipoen njonjah Van de Blink.

Soekatja sampoen ketingal martobat, awit koewatos manawi kawedalaken anggènipoen sinaoe. Nalika samanten sampoen kaṭah oemoeripoen, sampoen ragi mangertos ḍateng kabetahaning tijang agesang, kedah boten pisah kalajan kapinteran oetawi kagoenan. Sanadyan Soekatja kerep boten minggah klasipoen, nanging ḍateng pasinaon ketawis mempeng. Njonjah Van de Blink ngraos bingah, awit roemaos ingkang ndandosi, sadaja kangélanipoen boten baḍé tanpa damel.

Salebetipoen sataoen kalih taoen, Soekatja ketingal saé kalakoeanipoen, sadaja angkaraning boedi sampoen sirna. Nanging sareng anggènipoen sekolah doemoegi pangkat 5, ngantos kalih inggahan boten saged katoet minggah, sarta tansah boten angsal manah saking goeroe. Soekatja toewoeh pamoering-moeringipoen ḍateng goeroe, tékadipoen namoeng soemedya boten wonten ingkang dipoen éringi, saben-saben dipoen srengeni goeroe poeroen mangsoeli songol, manawi kaoekoem boten poeroen nglampahi. Ingkang makaten waoe mesṭi kémawon goeroe saja wawah geṭing ḍateng Soekatja. Sampoen marambah-rambah goeroe madoelaken prakawis waoe ḍateng njonjah Van de Blink, sarta sampoen marambah-rambah Soekatja kaoekoem sarta dipoen srengeni njonjah, nanging inggih boten dipoen paèloe.

Poegalipoen Soekatja poelih malih, tjoelikanipoen sampoen bribik-bribik ṭoekoel. Wonten ing grija toewin wonten ing pamoelangan tanpa kenḍat anggènipoen njanggi paoekoeman, awit goeroenipoen sarta njonjah Van de Blink prasasat saben dinten tampi goegatipoen para toewan-toewan toewin para prijantoen, manawi Soekatja saben mantoek saking pamoelangan damelipoen meminihi toekaran wonten ing margi. Njonjah Van de Blink saben anggagas ḍateng lelampahanipoen Soekatja sanalika baḍé

ngrentahaken loeh, awit welas dateng laré waoe, kados poendi ing tembé kedadosanipoen, sarta koewatos manawi kakrojok laré katah. Wiwit poenika Soekatja boten angsal késah-késah saking grija.

Saja dangoe njonjah Van de Blink roemaos wegah anggoelawentah toewin kanggénan Soekatja, awit ing sadinten-dinten tansah anggegasah manahipoen njonjah, njenjakit manah toewin damel kapitoenan. Kala-kala njonjah gadah karenteg badé ngésahaken Soekatja saking grijanipoen, nanging sareng ngèngeti dateng saéning manahipoen Wignjawijata, sarta sanget sanget anggènipoen neda toeloeng toewin nitip-nitipaken, sanalika ardaning manahipoen njonjah sirna laroed, tjiptanipoen: „Satemené akoe woes ora ketjonggah anggoelawentah lan kanggonan Soekatja, nanging éman marang betjiking kelakoeané wong toewané. Sanadyan botjah ikoe ditambaka ragad sapira-pira, ora bisa ilang alaning kelakoeané."

Kados poenapa kagèting manahipoen Wignjawijata: satampining serat saking njonjah Van de Blink, ingkang mratélakaken manawi Soekatja sampoen kawedalaken saking pamoelangan, margi kelepatan mendet èrlodji mas gadahaning goeroenipoen kadèkèk wonten médja panjeratan. Sarta njonjah Van de Blink oegi sampoen boten kadoegi kanggénan malih. Kalepatan poenika goeroe sampoen boten saged paring pangapoenten, begdja déné boten kaoeroes dateng pangadilan, ingkang makaten poenika margi saking pitoeloenganipoen njonjah Van de Blink.

Wignjawijata énggal-énggal moeroegi anakipoen dateng nagari. Sasampoenipoen kepanggih kalijan njonjah ladjeng nedakaken pangapoenten sadaja kalepatanipoen Soekatja, sarta soeka sanget genging panoewoen dateng sadaja pitoeloenganipoen toewin kadarmanipoen njonjah, anggènipoen anggoela wentah lan andjagi dateng kawiloedjenganipoen Soekatja.

Soekatja kabekta mantoek déning bapakipoen dateng doesoen. Nalika Soekatja pamitan dateng njonjah kalijan ambrebes-mili.

Sadoemoegining grija Soekatja dipoen srengeni sarta kaserepserepaken katah-katah. Witjantenipoen Wignjawijata:

„Kowé ikoe wis gedé, oemoermoe woes akèh. Kaja-kaja wis mangerti, jèn sakabèhing sasaring tindakmoe ikoe tetimbangané paoekoeman. Lan kowé oega soemoeroep, jèn wong ngaoerip koedoe ora pisah karo kapinteran. Sanadyan wong kang woes kasinoengan lan tinakdir soegih pisan, jèn ora doewé kapinteran mesti ora lestari. Adimoe saiki loenggoeh ana ing pangkat pitoe H. I. S. ing Semarang. Bésoek wekasané taoen iki wis tamat pasinaoné. Saka panggajoehé kepéngin sekolah K. W. S. ing Betawi, embahné Semarang kang bakal ngragadi. Apa kowé oega ora kepéngin? Adimoe woeragil si Indinah wis pangkat lima H. I. S. Semarang, dadi tamaté moeng koerang rong taoen. Akoe

isih doewé setijar kang prajoga moenggoehing kowé, nanging jèn kowé meksa isih madal soembi, akoe masṭèkaké: jèn bakal ora kebeneran oeripmoe."

Kjai Wignjaartana djaler èstri sampoen dipoen wartosi, manawi poetoenipoen sampoen kawedalaken saking pamoelangan Walandi, sarta sampoen kabekta mantoek ḍateng Srikaton. Pramila kjai soedagar sarimbit énggal-énggal ḍateng Srikaton soemedya ndjabel poetoenipoen. Saking pamanggihipoen kjai soedagar: Soekatja sampoen pinasṭi sanès poeloenging prijantoen, angkahipoen baḍé katétah dados soedagar kémawon.

Ing sakawit Wignjawijata sanget anggondèli Soekatja baḍé kabekta ḍateng Manisrengga, nanging sareng panedanipoen kjai soedagar djaler èstri kanṭi ngèngeti ḍateng bijoengipoen Soekatja ingkang sampoen adjal, toewin Wignjawijata dipoen boboti, manawi radja darbèkipoen ki soedagar poenika baḍénipoen Soekatja ingkang anggaḍahi, woesana Wignjawijata kakenan dèning manising witjara, Soekatja kaoeloengaken. Saking pamanahipoen Wignjawijata, sanadyan Soekatja boten dados prijantoen, nanging dados tijang soegih, toewin masṭi saged sirna kalakoeanipoen ingkang tjoelika.

Soekatja kelampahan kabekta ḍateng Manisrengga. Embahipoen tansah ngarem-aremi soepados saged kraos, witjantenipoen: „Enggèr, soemoeroepa, kadjèné wong ngaoerip ora moeng marga saka dadi prijaji baé. Jèn kowé anggatèkaké marang piwoelangkoe, masṭi dadi wong moelja kang ngoengkoeli prijaji. Soemoeroepa, sakabèhing bandakoe kang goemelar iki: bakal dadi doewèkmoe kabèh. Saiki simbah wis toewa, sapa sing ngréwangi ngreksa, jèn ora poetoené."

Kjai Wignjawardaja sampoen pènsioen, kèndel loemampah ing damel, awit sampoen djempo. Nalika samanten pinoedjoe ginandjar sakit sanget. Sareng dipoen wartosi, manawi poetoenipoen kawedalaken saking pamoelangan djalaran saking tindakipoen tjoelika, andadosaken ing prihatosipoen. Bantering prihatos kados njengkakaken sakitipoen, wekasan doemoegi ing djangdji mantoek ḍateng djaman kalanggengan. Keleres pitoeng dintenipoen njai Wignjawardaja noetoeti.

Wignjawijata saja matoempa-toempa panggrantesing manah.

IX.

Toewoehing karojalan.

Soekatja ngraos seneng manggèn wonten ing Manisrengga, awit dados tijang kepama, sadaja sedyanipoen saged kaloemoe-

gèn, embahipoen ngoedja ing sakadjeng-kadjengipoen. Ingkang makaten waoe masti poegalipoen Soekatja saja andadra, sadaja kasenengan toewin pandamel ingkang maksijat dipoen lampahi, remen main ngabotohan, aben sawoeng, minoem toewin sanès-sanèsipoen. Ingkang sakalangkoeng kaprihatosaken kjai soedagar djaler èstri, anggènipoen rojal èstri, koewatos manawi poetoenipoen ing tembé ḍoemawah ina-papa.

Saking kadjengipoen kjai soedagar, Soekatja kedah énggal karabèkaken, soepados saged mantoeni ing karojalanipoen. Nalika samanten, Soekatja oemoer 17 taoen.

Kjai soedagar sampoen kepanggih kalijan Wignjawijata, ngrembag anggènipoen baḍé ngrabèkaken Soekatja. Wignjawijata gaḍah pamanggih: kedah kaangsalaken pawèstri ingkang dados pamilihipoen laré, soepados saged marem anggènipoen djedjoḍoan. Nanging pamanggihipoen kjai Wignjaartana boten makaten, kedah kapadosaken pawèstri anaking soedagar soegih ingkang gemi saged njamboet damel, awit kelakoeanipoen Soekatja ngebrèh sarta lèrwèh.

Gantjaring tjarijos, Soekatja kelampahan karabèkaken, angsal anakipoen kjai soedagar Tatasoedana ing Kaoeman, sakelangkoeng ageng bawahanipoen. Temantèn bibar sapeken kaoenḍoeh ḍateng Manisrengga. Salebetipoen pitoeng dinten, ing Manisrengga manawi daloe tajoeban, sijang ringgitan.

Ing sajektosipoen Soekatja dèrèng ngraosaken marem ḍateng sémahipoen, wontenipoen poeroen nglampahi margi kanḍih déning rembagipoen embah djaler èstri. Menggah ingkang dados sabab boten saking djalaran kirang soelistyaning warni, nanging margi saking boten tjoenḍoek kalijan krenteging manah, boten saged djoemboeh kalijan kekoedanganipoen: soemedya mengkoe pawèstri ingkang wedalan sekolahan Walandi. Poenapa malih sémahipoen waoe boten mangertos ḍateng adat tatatjaranipoen tijang saged-saged, namoeng ingatasipoen padamelan njoedagar langkoeng oenḍagi, poenika ingkang dipoen pèngini kjai Wignjaartana djaler èstri.

Soekatja boten kepéngin dados soedagar, dados prijantoen oegi boten remen, ingkang dipoen senengi dados tijang anggoeran, awit saking pangraosipoen: arta toewin radja-brana tilaraning embah, sampoen tirah kateḍa kalijan tilem.

Sanadyan Soekatja sampoen karabèkaken, nanging inggih boten mantoen karojalan toewin kasenenganipoen, boten naté wonten ing grija, mantoek-mantoek manawi baḍé neḍa arta embahipoen. Manawi boten dipoen soekani ladjeng ngrerisak, sarta sadaja rimatan dipoen galéḍahi, solahipoen kados tijang ngraman. Kjai Wignjaartana roemaos wegah ngraosaken kelakoeanipoen Soekatja ingkang makaten waoe, wekasan nalangsa netah badanipoen

pijambak, déning roemaos lepat anggénipoen ngenoeng-enoeng poetoe, temahan boten gadah adjrih.

Kjai Wignjaartana saking sroening prihatos, toer kabekta sampoen ngoemoer sepoeh, ladjeng moeroed mantoek dateng djaman kalanggengan. Dèrèng ngantos gantos taoen njai Wignjaartana ladjeng noetoeti.

Nalika kjai soedagar badé poepoet oemoeripoen, Soekatja kaoendang, witjantenipoen kalijan megeng napas: „O, nggèr, Soekatja Tatasoewignja, poetoekoe, simbah moelih marang djaman kalanggengan. Satemené moenggoeh kasoking katresnankoe marang kowé wis tanpa pepindan, nanging akoe ngarani kowé ora nimbangi katresnankoe. Jèn kowé ora marèni sarta njegah sasaring kelakoeanmoe, akoe isin ndoeloe soroting bagaskara, jèn nganti menangi kadadéaning awakmoe ing tembé."

Soekatja Tatasoewignja salebetipoen sadinten kalih dinten ketingal prihatos, nanging dangoe-dangoe ladjeng kaéklasaken, prihatosipoen santoen kabingahan, awit roemaos manawi sadaja kekadjenganipoen badé boten wonten ingkang ngalang-alangi. Déné bapakipoen boten gadah koewaos badé tjawé-tjawé.

Soekatja rinten daloe ngedegaken ngabotohan, mawi kalenéngan, ingkang kabaroeng ing pangeliking waranggana. Sadaja tamoe-tamoenipoen sadèrèngipoen tapoek ngabotohan, kaadjak endem-endeman roemijin. Kasenengan poenika saking roemaosipoen Soekatja kabetahaning tijang ngagesang.

Pakaremanipoen Soekatja mindak saebab, inggih poenika madat, pramila badanipoen Soekatja saja dangoe saja kera garing, lambé biroe. Mitra-mitranipoen ingkang dangoe boten kepanggih sami pangling, sarta katah ingkang sami nginten, manawi Soekatja boten saged pandjang oemoeripoen.

Wignjawijata ngraosaken lelampahanipoen Soekatja ingkang makaten waoe roemaos wirang, isin andoeloe boemi langit, tjiptaning manah: loewoeng énggal kapoeloenga dateng djaman akérat, nanging kogel dateng anakipoen ingkang dèrèng mentas. Nalika samanten Santosa sampoen dados Onder-Opzichter B. O. W. wonten ing nagari, taksih djedjaka. Adinipoen Rara Indinah sampoen tamat pasinaonipoen, wantji nedeng-nedengipoen birai roemadja poetri, dados kembang potjapaning para diwasa; Rara Indinah tansah kinanti déning kakangipoen, kapoerih njepeng teg kaliwer salebeting grija.

Bandanipoen Soekatja salebetipoen 5 taoen sampoen mèh dadal, awit saben dinten tansah dipoen boetjali, boten wonten wewahipoen. Ingkang èstri rékanipoen njambi njamboet-njamboetaken arta, nanging boten saged kedadosan, awit katah ingkang sami ngemplang. Soekatja sareng soemerep bandanipoen sampoen mèh nipis, sanget ing prihatosipoen, roemaos kedoewoeng. Ingkang èstri soeka pamrajogi, soepados saged njegah kasenengan toewin

pakaremanipoen, kedah ngontjati ḍoesoen Manisrengga. Déné grija sapakaranganipoen toewin barang ingkang rowa-rowa dipoen sadèni, arta pepadjenganipoen kanggé pawitan njamboet damel ḍateng nagari; manawi kalajan pangatos-atos panggarapipoen sampoen tamtoe boten ngantos dasanan taoen kasoegihanipoen poelih malih.

Soekatja Tatasoewignja sanalika kepéntjoet ḍateng rembagipoen ingkang èstri waoe. Grija sapakaranganipoen kasadé kalijan mirah. Sanadyan kaṭah-kaṭah pèpèngetipoen Wignjawijata nanging boten kapaéloe.

Soekatja sampoen kelampahan ngalih gegrija ing nagari, njamboet damel dados soedagar, ingkang èstri ingkang ngrigenaken. Bok Tatasoewignja ngraos bingah, déné ingkang djaler kénging kaèngetaken. Saking pangintenipoen boten ngantos dangoe mesṭi bandanipoen anderbala malih.

Nalika samanten Wignjawijata ginandjar sakit sanget, madal djampi warni-warni, sadaja pitoeloenging ḍokter boten migoenani, wekasan moeroet mantoek ḍateng djaman kalanggengan, Radèn Ngantèn Wignjawijata kabojong Santosa ḍateng nagari.

X.

Santosa lan Rara Indinah.

Radèn Ngantèn Wignjawijata momong anak kekalih. Saben-saben njawang anakipoen waoe saweg sami neḍa oetawi sami gegoedjengan, ladjeng barebel ambrebes mili, kèngetan ḍateng ingkang sampoen tilar, déné téga nilar anak ingkang sampoen ketingal warninipoen.

Katjarijos Soekatja Tatasoewignja anggènipoen njamboet damel njoedagar boten kedadosan, awit boten saged mantoeni kasenengan toewin pakaremanipoen. Dangoe-dangoe bandanipoen laroed sadaja, andadosaken ḍawahing kemlaratanipoen. Ingkang èstri ngontjati, poerih toemoet tijang sepoehipoen, awit sadaja panganggénipoen telas kalintokaken tjandoe, sarta ing sadintendintenipoen toewoek oedjar toewin pisakit. Soekatja ladjeng kakoekoep déning Santosa.

Soekatja sanget ing panarimahipoen ḍateng kawelasan toewin pitoeloenganipoen Santosa, witjantenipoen: „Akoe ora bisa mratélakaké geḍéning panrimakoe marang kadarmanmoe. Akoe roemasa jèn wong toewa dadi gawé, lan akoe roemasa nglakoni siksaning Hjang Manon, lan akoe roemasa kena walaté bapak sarta simbah soewargi. Akoe prasetya marang saliramoe, jèn wiwit saiki sakabèhing tjirining kalakoean masṭi sirna, déning ketaman soetjining pikirmoe."

Sarèhing sampoen tetéla, doemoegining ngoerag, peksi gagak woeloenipoen boten saged santoen peṭak, Soekatja dèrèng ngantos gantalan taoen sampoen katoenḍoeng saking grijanipoen Santosa, déning anggènipoen tjalimoet. Soekatja katoembasaken grija pijambak wonten ing kampoeng Pamanahan, sarta saben woelan dipoen oeloeri teḍa déning Santosa. Santosa sanget-sanget anggènipoen matjoehi, Soekatja boten kénging ngambah ing grijanipoen. Manawi noedjoe blandjan, boten soesah dipoen poeroegi, Santosa pijambak ingkang baḍé kéngkénan ngintoenaken. Nanging sanadyan Santosa sanget-sanget anggènipoen mematjoehi, saben Santosa ngleresi késahan tebih, Soekatja oegi ḍateng ngrikoe kepanggih Rara Indinah, neḍa arta oetawi loengsoeran panganggé.

Santosa sampoen gaḍah patjangan, inggih poenika poetranipoen Bendara Kliwon Kiranapoera ing kampoeng Soerjamanggalan, nama Radèn Adjeng Soemarsih, soelistya ing warni, ḍasar wedalan saking pamoelangan Walandi. Ḍaoepipoen namoeng ngentosi sawatawis woelan, ngentosi ḍoemawahing woelan saé.

Radèn Mas Ngabèhi Kiranapoera satoenggaling prijagoeng ingkang artawan sarta sampoen ngambah ing djaman kemadjengan. Poetranipoen èstri boten kinoedang-koedang sageda angsal toembasan ingkang kaṭah sarta sageda winengkoe ing prijantoen ingkang soegih sarta aslining aloehoer. Nanging ingkang dipoen padosi tijang ingkang pinter sarta saé kelakoeanipoen. Bendara Kliwon sampoen oeninga, manawi pawèstri émah-émah sarana dipoen toembasi, prasasat loemebet dados réntjang toembasan.

Santosa sadèrèngipoen ḍaoep kalijan patjanganipoen, saben wonten ing padjagongan, tansah dipoen garapi déning para kantjakantjanipoen. Santosa gaḍah mitra toehoe satoenggal, ingkang boten kénging pisah-pisah, inggih poenika Radèn Soeraja, Mantri poelisi ing kampoeng Katawang. Kelakoeanipoen saé, moeloes ing boedi, limpat ing kawroeh, sregep ing damel, ḍasar wedalan saking pamoelangan prijaji ing Madioen.

Noedjoe ing wantji sonten, Santosa kalijan Soeraja sesarengan késah mlampah-mlampah. Ing samargi-margi tijang kekalih waoe tansah ginem raos. Salebetipoen sami omong-omong Soeraja tansah malimpingi Santosa mawi temboeng ingkang lèrègipoen soeka soemerep, manawi pijambakipoen kepéngin kapenḍet ipé déning Santosa, nanging Santosa réka-réka boten mangertos. Soeraja sanget kèwedan anggènipoen baḍé minangkani, witjantenipoen: „Kangmas, iba kados poenapa raosing panggalih, baḍé krama sampoen tjepak dintenipoen."

—: „Aḍi koewi kaja mirsa-mirsaa kaé, wis tjepak dinané."

—: „Éstoenipoen béndjing poenapa, kangmas?"

—: „Kilap, aḍi. Saking panginten remboeg koela poenika woeḍar."

—: „Kangmas koewi kaprijé, wong aḍiné arep njoewoen noelar teka dadi kenḍo kentjeng."

—: „Poen adi poenika namanipoén rak inggih ngisin-isini. Wong slirané wis olèh tjontjongan, dadak moendoet noelar."

—: „Sinten kangmas ingkang soedi ngoekoep dateng djasad koela."

—: „Saben tijang mangertos, manawi adi poenika larap-larapipoen sang binadé mantoe ing Soerjapradjan. Sarta saben-saben wonten ing padjagongan, Bendara Menggoeng Soerjapradja ngetingalaken ing katresnanipoen dateng adi."

—: „O, sinten koela, kangmas! Apa ora nolèh raga. Tjébol peksa anggajoeh lintang."

—: „Tjekaké bae kakangné dikon dadi banten apa pijé?"

—: „Sanget panoewoen koela, kangmas. Moegi kaoeningana, kangmas. Koela poenika sampoen keladjeng prasetya salebeting manah, koela boten patos-patos imah-imah, manawi boten angsal pawèstri ingkang pinter limpad ing kawroeh, wedalan saking pamoelangan Walandi."

—: „Nah, lah apa ta. Sadèrèngipoen koela sampoen nginten, manawi sadaja pangandikanipoen adi, lèrègipoen badé njemoni badan koela."

—: „Boten pisan-pisan, kangmas. Atoer koela lahir teroesing batos. Poenapa malih manawi rembagipoen kangmas poenika woedar sajektos, koela oegi ndèrèk kewirangan."

—: „Poenika wirang ingkang sanès mestinipoen, awit poenika koela pijambak ingkang lepat, tjoemantaka kamipoeroen, boten nolèh raga ingkang papa sija-sija."

—: „Nanging koela mestèkaken, manawi béndjing wòelan Besar koela badé ngiring pangantèn."

—: „Koela goemoen déné adi teka remen ngedom-edom dateng wewadining sanès. Tjobi, adi, moegi kagaliha, badan koela poenika ingkang kapirid poenapanipoen. Tijang ingkang soegih linoeloetan ing radja-brana poenika limrahipoen ingkang dados pilihan, mangka koela kosok wangsoelipoen . . . . . Bok manawi koewawi rabi manawi sampoen mimpang lotré oetawi angsal arta saking anggènipoen ambangsat."

—: „Ha-ha-ha-ha, kangmas koewi bandjoer ngapes-apesaké slira."

—: „Poenapa boten njata makaten?"

—: „Lah tjélènganipoen kangmas soendoel woewoengan makaten . . . . . "

—: „O, inggih, poenika poenapa ingkang koela titipaken wonten grija pagantosan. O, Alah, adi, bok kagalih. Limrahipoen tijang bangsa koela blandja *f* 125.— tadahipoen sawoelan inggih *f* 200, blandja *f* 10 tadahipoen sawoelan *f* 30, kok njèlèngi si adi koewi."

—: „ Nanging manawi kangmas rak boten makaten."

—: „ Anoe adi, béndjing malem tanggal 1 April poenika mesti katah grija soewoeng, awit ki loerah distrik ing Panembahan kagoengan damel mantoe, pramila poelisi kedah ngatos-atos, para

doerdjana sapoenika sampoen ngrantjang tjalon lampah-lampahipoen."

—: „Kangmas poenapa sampoen tampi oelem?"

—: „Sanadyan koela dipoen oelemi mesti boten badé dateng, awit koela badé ndadar kawegigan koela."

—: „Anoe kangmas, sampoen kaladjeng-ladjengaken ngandika makaten, awit sanadyan poenika karsanipoen kangmas kadamel gegoedjengan, nanging manawi njarengi apesing badan, saged ambebajani. Prajogi gegoedjengan prakawis sanès."

Santosa mireng pepèngetipoen Radèn Soeraja sanalika ngraos kedoewoeng.

XI.

Pandoeng ing Kiranapoeran.

Sadaja serat-serat kabar sami ngemot pawartos manawi nalika malem tanggal 1 April 1917 dalem ing Kiranapoeran kelebetan doerdjana pandoeng. Lebetipoen medal ing pajon sarana anggradji oesoek toewin rèng, toemoenten noeroet dadoeng andjog ing loténgan teroes doemoegi ingandap, toemoenten loemebet ing kamar pasaréanipoen Bendara kliwon. Sarèhning ing daloe waoe Bendara Kliwon sarimbit tedak djagong dateng kadistrikan ing Panembahan, kamar waoe dipoen sarèni Radèn Adjeng Soemarsih kalijan emban. Ing kamar pasaréan waoe wonten peti tosan satoenggal ingkang isi barang dandosan warni-warni. Saking djoeliging doerdjana peti tosan kénging kabandrèk. Sadaja isinipoen warni: bentélan arta kertas, arta petak, dandosan warni-warni toewin sanès-sanèsipoen kabekta sadaja.

Lampahipoen doerdjana sadjak kesesa, katanda katah barang-barang dandosan toewin arta-arta petak, arta kertas, sami motjar-matjir ing saenggèn-enggèn. Nitik saking katahing rah ingkang gegoebras wonten ing lawanging peti toewin dalemoking rah ingkang wonten ing témbok-témbok sarta ing tjandéla ingkang kanggé margi wedaling doerdjana, mratandani manawi doerdjana waoe nandang tatoe. Katah arta kertas ingkang moembroek ing djoebin kalomoh rah, tilas kanggé njrebèti. Atoeripoen Radèn Adjeng Soemarsih dateng ingkang rama toewin para prijantoen poelisi ingkang papriksa: „Nalika doerdjana saweg mendeti arta kertas sarta dandosan warni-warni saking salebeting peti, koela ngleresi nglilir. Sanalika koela ladjeng njana manawi kelebetan doerdjana. Manah tansah degdegan tarataban, badé andjelih koela adjrih: manawi karoeket déning doerdjana waoe. Pepoentoning tjipta doerdjana nékad badé koela ajoni, tangan

koela grajah-grajah ḍateng témbok mendèt pistoel ingkang tjoemanṭèl ingrikoe, nanging sareng koela sampoen njepeng pistoel saja wewah mirising manah koela, badan sakodjoer andaroḍog.

Sareng doerdjana mireng kaleseting tjiang salebetipoen kanṭil, mripatipoen pandirangan ningali ngiwa nengen. Saking goegoepipoen tangan srawéan njampé toetoeping peṭi ladjeng nangkep. Tanganipoen doerdjana waoe ingkang kiwa taksih tjepengan lambéning peṭi, wekasan kedjepit, sanalika kepireng sesambatipoen, ngeses-eses ngaḍoeh kalijan boten kèndel-kèndel anggènipoen ngoesapi dridjinipoen tangan kiwa ingkang tansah mili rah. Rah kaoesap-oesapaken ḍateng poendi-poendi, kaṭah arta kertas ingkang namoeng kaanggep srebèt kémawon. Koela nemtokaken doerdjana waoe dridjinipoen kiwa remoek sampoen boten kénging kanggé njamboet damel. Sareng sampoen ènget, doerdjana ladjeng mbikak lawang tjendéla loemoempat medal, boten kantenan poeroegipoen. Ingrikoe koela ladjeng djelih-djelih neḍa toeloeng kalijan naboeh bendé."

Poelisi angsal margi gampil kanggé madosi doerdjana waoe, awit doerdjana tetéla nanḍang tatoe wonten ing tangan kiwa.

Sadèrèngipoen Bendara Kliwon Kiranapoera dalemipoen kalebetan doerdjana pandoeng, toewan Commissaris Poelisi tampi serat toetoepan medal ing post, soeraosipoen ngatoeri priksa, bilih Mantri poelisi Radèn Soeraja gaḍah sekoeṭoe satoenggiling doerdjana djoelig, bèndjing tanggal 1 April poenika sampoen soemadosan baḍé mandoeng. Pramila poelisi kedah djagi-djagi. Sarèhning serat waoe boten kantenan ingkang ngintoeni, tanḍa tanganipoen namoeng moengel „Sepijoen", pramila pangagenging poelisi boten maéloe ḍateng serat waoe. Nanging sareng njata manawi saèstoe kelampahan wonten kadoerdjanan sajektos, pangagenging poelisi ragi pitados ḍateng oengeling serat ingkang katanḍan „Sepijoen", awit Radèn Soeraja ingkang gaḍah djagèn kampoeng kalebetan doerdjana waoe. Radèn Soeraja dipoen timbali pangagenging poelisi, dipoen paringi soemerep serat ingkang saking sepijoen kalijan siḍeman. Pangandikanipoen toewan Commissaris:

„Mantri, kowé sawidjining poenggawakoe kang banget daktresnani, mèmper jèn akèh kang panas marang kowé. Ing satemené akoe ora lila, jèn kowé nganti kena panggrajangan kang kaja oenining lajang ikoe. Nanging akoe pradjandji marang kowé, jèn kowé bisa mikoet doerdjana kang lakoe sandi ikoe, akoe mestèkaké, jèn lowongan Assistent-Wadana poelisi ing kéné: kowé kang dadi gentiné. Jèn kowé ora bisa mikoet, loepoeté kowé loemeboe ing boewi, ja beḍah pajoengmoe."

Atoeripoen Radèn Soeraja: „Sadaja pangandika padoeka dados pepènget sarta pangadjaran ḍateng koela. Njepeng doerdjana djoelig kalebet gampil angèl."

Toewan Commissaris ngandika malih: „Angger pikirmoe isih ginandjar éling, akoe nemtokaké, jèn doerdjana bakal toemiba ing tanganmoe."

Radèn Soeraja èndoeripoen saking ngarsanipoen toewan Commissaris poelisi mampir ḍateng grijanipoen Mas Katgasastra, djoeroe serat ing kaḍistrikan Panembahan, perloe neḍa katerangan, poenapa nalika kaḍistrikan kagoengan damel, Santosa oegi dipoen paringi oelem.

Ing wantji daloe Radèn Soeraja sadaloe boten angsal tilem, tansah kalisikan djempalikan Manahipoen tansah kagoḍa déning pitakèn warni-warni: „Kaprijé, abot pangkat apa abot mitra. Apa kangmas Santosa ikoe wong mlarat, sarta apa sawidjining doerdjana? Apa kliroe panjanakoe, jèn kangmas ikoe wong soetji? Apa akoe koedoe pisah, nanging . . . . . akoe kaprijé? Akoe wis kebandjoer tresna marang wong ikoe. Akoe wis kebandjoer prasetya teroesing ati . . . . . "

XII.

Santosa kénging dakwa.

Noedjoe wantji sonten, Santosa linggih djagongan wonten pandapi kalijan ingkang iboe toewin ingkang raji Rara Indinah. Semoenipoen Santosa ketingal saweg ngandoet soesah, kaṭah ingkang ginagas ing salebeting manah. Ingkang iboe wongsalwangsoel pitakèn ingkang dados sabab, nanging saketjap kémawon boten tampi wangsoelan, wekasan béla soengkawa kamoran roentik. Tijang tiga boten kepireng sabawanipoen, namoeng gentos pandeng-pinandeng. Boten antawis dangoe wonten oetoesan saking Kiranapoeran maringaken serat. Serat ladjeng tinampèn Santosa; satamating pamaosipoen serat waoe ladjeng dipoen wangsoeli, oetoesan moendoer.

Saoendoeripoen oetoesan saking Kiranapoeran, Radèn Ngantèn Wignjawijata saja neter pitakèn ḍateng poetra: „O, enggèr, Santosa, njawakoe, telenging atikoe; kaprijé déné kowé ora nglegani pitakonkoe. Kang mangkono ikoe gawé roemasané wong toewa anggoné loepoet. Kadjaba ikoe, enggèr, roebet-roeweting pikir ikoe ora bisa rampoeng jèn dipikir ḍéwé, loewih betjik dipikir wong teloe, wong sapélé tarkaḍang bisa gawé paḍanging roebed geḍé."

Wangsoelanipoen Santosa: „O, iboe, boten pisan-pisan, manawi koela ngraosi kirang marem ḍateng sih palimarmanipoen iboe."

—: „Apa kowé koewatir, manawa tanganmoe kang tatoe ora éngal mari, déning wis tjepak gawémoe dadi pangantèn. Oetawa

kowé apa anggagas marang anggoné kemalingan bakal maratoewamoe?"

—: „Prakawis sakiting tangan koela boten koela manah, déning sampoen kagarap dokter. Ingkang koela prihatosaken poenika dedamel koela ingkang sampoen pisah saking tangan. Sanadyan poenika namoeng barang sapélé, nanging saged ambebajani dateng badan koela."

Rara Indinah mireng witjantening kakangipoen ingkang makaten, ladjeng ambrebes-mili, ngroengkebi pangkoning iboe, awit roemaos dipoen srengeni kakangipoen anggèning lantjang sarta kirang wiwéka. Witjantenipoen Radèn Ngantèn Wignjawijata: „Anggèr, sing wis ja wis, bésoek manèh, jèn kakangmoe Soekatja teka mréné adja kotemoni, awit kowé ora bisa njegah marang kekarepané."

Salebetipoen Santosa ngarih-arih Rara Indinah, Radèn Soeraja dateng maratamoe, ladjeng dipoen atjarani lenggah. Radèn Ngantèn Wignjawijata toewin Rara Indinah loemebet ing grija. Sareng sampoen satata lenggah bagé-binagé, Santosa witjanten: „Korep adi rawoeh ngriki, nanging rawoehipoen adi ingkang sapoenika poenika damel taratabing manah koela."

—: „Sowan koela mriki sanès satataning sadèrèk oetawi pawong mitra, nanging satataning poelisi salebeting dines." — Gleg, manahipoen Santosa, raosipoen kados tinotog, kèndel boten njebawa. — „Poelisi gadah pitakénan pinten-pinten bab. Manawi kangmas boten saged mbantah, saèstoe poelisi saja kandel pandakwanipoen dateng kangmas, manawi kangmas poenika sajektosipoen . . . . . "

—: Saweg poenika koela soemerep wonten poelisi nindakaken pa lamelan galédah boten djangkep oepa-tjaranipoen, tanpa kairingaken oepas sarta poenggawa kampoeng. Ingkang makaten poenika, koela nginten manawi poelisi anggalih majar panjepengipoen doerdjana ingkang kaglédah. Menggah ing sajektosipoen: pantjèn njata makaten. Begdja déné wonten poe'isi saged njepeng doerdjana ageng ingkang langkoeng toetoet."

—: „Nalika tanggal 1 April daloe kangmas wonten poendi? Pitakèn-pitakèn koela, manawi kinten-kinten damel kawijaking wewadosipoen kangmas, kénging boten kadjawab."

—:„ Pitakèn poenika boten dados djalaraning poelisi saged mikoet doerdjana ingkang sadjati," witjantenipoen Santosa kalijan teteping manah.

—: „Poenapa kangmas boten tampi oelem saking kiloerah distrik Panembahan?"

—: „Langkoeng tjeta poelisi takèn dateng ingkang ngoelemi, boten dora."

—: „Poenapa kangmas rawoeh djagong dateng kadistrikan Panembahan?"

—: „Manawi nalika kadistrikan Panembahan kagoengan damel poenika wonten salah satoenggiling poelisi ingkang andjagong, pitakèn poenika temtoe angsal djawaban ingkang leres."

—: „Astanipoen kangmas ingkang kiwa kaperban, poenika mratandani manawi nandang gerah tatoe; poenika djalaran saking poenapa, sarta sampoen pinten dinten?"

—: „Pitakèn poenika boten perloe koela tjaosi wangsoelan, awit poelisi langkoeng pitados dateng kateranganipoen dokter."

Dèrèng ngantos doemoegi pitakènipoen Radèn Soeraja, kesaroe rawoehipoen Bendara Kliwon Kiranapoera, ladjeng dipoen atjarani lenggah. Sareng anggènipoen lelenggahan sampoen sawatawis dangoe, Bendara Kliwon ngandika:

„Santosa, akoe getoen banget, déné tekakoe kéné bakal tanpa gawé. Dèk maoe lajangkoe woes njeboetaké, jèn wajah djam pitoe akoe teka kéné ndjaloek kotemoni idjèn. Kowé wis njagoehi kamot ing lajang, woesana bareng akoe teka kéné, kowé lagi nemoni mitramoe, ikoe mestiné gawé tjabaring lakoekoe."

Radèn Soeraja mireng temboeng makaten, dèrèng ngantos katoendoeng ingkang gadah grija, sampoen ngroemijini pamitan moedoer.

Santosa ngatoeri Bendara Kliwon dateng kamar, sareng sampoen satata lenggah, Bendara Kliwon ngandika: „Tjendélané oega toetoepen, lawangé kantjingana."

—: „Rawoeh pandjenengan dalem damel sroening kagètipoen manah kawoela."

—: „Ikoe prajoga kowengkoe kalawan sabaring ati. Tekakoe iki wis kalawan poetoesan kang mateng. Pasadjané baé akoe arep pitakon marang saliramoe, apa saliramoe soemoeroep marang radja darbèkkoe kang kagawa déning doerdjana? saiki ana ngendi? lan saliramoe mesti weroeh doerdjanané?"

Santosa amberabak, koemedoet padoning lambé, wangsoelanipoen: „Sadaja dawoeh dalem dateng kawoela, larap-larapipoen kagoengan pandakwa dateng kawoela."

Santosa saja ketawis nepsoenipoen, tanganipoen kagegem-gegem ngantos koekoenipoen kados badé ambles amblesa ing èpèk-èpèk. Njat ngadeg, mbikak tjandéla, oengak-oengak ing djawi, boten mardoeli dateng tamoenipoen.

—: „Toetoepen manèh tjandéla ikoe."

—: „Toedjoenipoen koela taksih ginandjar ènget; sampoena makaten, ... "

—: „Akoe woes pratjaja marang betjiking kalakoeanmoe, lan ngerti, jèn kowé trahing wong betjik-betjik."

—: „Poenapa pandjenengan dalem ndakwa dateng badan kawoela sampoen kanti ngadiling panggalih?"

—: „Akoe ora kangélan awèh pasaksèn kanggo melèh-melèhaké kowé. Mara doeloenen, kang daktjekel iki roepa gegaman apa,

sarta sapa sing doewé? Iki ketemoe ana ing djrambah kamar satjedaking peti wesi. Begdja, déné doeroeng nganti poelisi teka wis didjoepoek adimoe si endoek Soemarsih, noeli diroemati."

—:„ Kawoela boten saged koembi ndakoe revolver poenika, jektos gadahan kawoela; éwadéné kawoela oegi taksih mastani, manawi anggèn pandjenengan ndakwa dateng kawoela poenika kelintoe."

Witjatenipoen Santosa makaten poenika kalijan goemeter.

—: „Akoe ora njana pisan-pisan, jèn kowé isih wani kanda kang mangkono, akoe iki wong toewa, wis toemitah ana ing donja. Dadi mesti ora toenda béma moenggoeh ing panindak. Soemoeroepa, adimoe Soemarsih apratéla marang akoe, jèn dèwèké andoeloe kalawan mripaté dèwé, jèn kang loemeboe ing kamaré ikoe kowé, sarta ora pangling marang dedeg-pangadegmoe, lan soewaramoe nalika kowé sesambat laraning tanganmoe. Nalika ikoe adimoe ora wani njapa, amarga soemoeroep jèn kowé lagi ketèmpèlan panggawéning éblis. . . . . O! nggèr, adja koewatir, lan oewas soemelang. Wadi iki mesti dakkeker, awit akoe ngerti, jèn kowé toeroené wong oetama. Akoe mestèkaké, jèn lija dina kowé ginandjar éling, sabandjoeré barang radja-darbèkkoe kobalèkaké. Akoe ngira jèn kowé masti bakal kedoewoeng, saoepama sakabèhing remboegkoe kang woes daksanggoepaké marang kowé dakwoedari. Akoe ambadé, jèn anggonmoe lakoe doerdjana ikoe moeng kogawé gegoejon, awit sakabèhing barang radja-darbèkkoe ikoe ing tembé sapa sing doewé. Akoe ngerti jèn bantering sedyamoe arep ngakoe wong toewa marang akoe, kaja oepamané oeroebing geni kang wis andadi, angèl sirep-sirepané. Kang mangkono ikoe tjoendoek karo rasaning pikirkoe."

—: „Kawoela boten saged moendjoek poenapa-poenapa dateng pandjenengan dalem, awit kawoela mangertos, manawi sadaja oendjoek kawoela badé tanpa damel."

—:„Kowé ora soesah pakéwoeh mbalèkaké barang-barang radja-darbèkkoe. Sanadyan ana kalongé ora dadi ngapa, angger wis kalawan soetjining atimoe. Akoe awèh wangen sadjroning sapoeloeh dina; jèn nganti poendating wewangen ikoe doeroeng bali marang ing akoe, mestiné akoe wis ora bisa ngreksa kekeranmoe kang bakal gawé rèmèhing awakmoe sarta leloehoermoe kabèh. Sarèhné sakabèhing remboegkoe maoe kaja-kaja wis tjoekoep kanggo pametjoeting pikirmoe, akoe lilanana moelih."

—:„Sanadyan sadaja dawoeh dalem adamel tatoening manah kawoela, éwadéné oegi damel tjoemeplongipoen boenek petenging manah kawoela. Ingkang poenika matoer sembah noewoen."

—:„Dasar kang dakarep-arep ija pantjèn padanging pikirmoe."

Bendara Kliwon Kiranapoera ladjeng wangsoel. Santosa sadaloe moepoet boten saged tilem, ingkang kagagas namoeng apesing badanipoen, ingkang katjipta namoeng anggènipoen badé késah

ing sapoeroeg-poeroeg. Ananging sareng kèngetan ḍateng iboe toewin aḍinipoen ladjeng mberabak, barebel mbarebes mili. Panglotjitaning manah: „Begdja temen awakkoe, déné doewé sadoeloer kaja kang Soekatja. Kaprijé réka-dajakoe."

XIII.

Karibedanipoen Santosa.

Ing wantji sijang Santosa mantoek saking njamboet damel, kapétoekaken ingkang iboe toewin ingkang raji soeka soemerep manawi Rara Indinah mentas tampi serat aangeteekend saking kantor pos, soeraosipoen soeka pamrajogi soepabos neloek-neloekaken manahipoen Santosa. Saking sinten serat waoe, Santosa toewin Rara Indinah boten soemerep, awit ketawis manawi afzender sarta tanḍa tanganipoen kadamel sesinglon. Nanging tijang kalih waoe ngertos manawi serat poenika damelanipoen tijang èstri, katitik saking woedjoeding seratanipoen. Inganḍap poenika toeroenanipoen serat waoe:

„Serat saha ingkang taklim koela Rara Sirijah ing Pamanahan, moegi katoer ing pandjenengan sampéjan Radèn Rara Indinah ing kampoeng Prawatan.

Noewoen wijosipoen, boten margi saking poenapa, amoeng perloe koela njoewoen tepang, déning ketarik saking anggèn koela sanget kejoengjoen ḍateng getering pawartos ingakaṭah, bilih pandjenengan sampéjan satoenggiling pawéstri ingkang sakelangkoeng soetji sarta loeroes aloes ing panggalih, soemanak ḍateng ing kadang karoeh, tresna ing sasami, temahan koela kapiloejoe kepéngin loemebet dados pawong mitra. Iba bingahing manah koela saoepami pandjenengan sampéjan karsa nampèni.

Kedjawi ingkang kaseboet nginggil, koela mireng pawartos, manawi ingkang raka Radèn Santosa kénging panggrajangan awon ingatasipoen kadoerdjanan ing Kiranapoeran, malah Bendara Kliwon Kiranapoera pijambak sampoen anjerap-njerapaken ingkang raka. Manawi pawartos waoe njata, ḍoeh teka éman temen komoeking asma pandjenengan sampéjan, baḍé leboer saking ḍajaning pawartos waoe. Poenika saking pamanggih koela: prajogi énggal kasirep. Menggah sarating panjirep boten sanès kedjawi namoeng barang kadoerdjanan waoe kedah énggal kakipataken, inggih poenika kaatoeraken wangsoel ḍateng Kiranapoeran. Prijantoen poelisi sarta mata-matanipoen dangoe-dangoe masṭi soemerep ḍateng rimatanipoen ingkang raka. Koela soemerep kalajan mripat koela pijambak, manawi rimataning ingkang raka wonten ing growonganing wit randoewana ing astana (koeboeran) Pamanahan.

Woesana pangadjeng-adjeng koela, pawartos awon kaseboet nginggil énggala sirna.

Sinerat kaping 5 April 1917.

Mitra énggal:

Sirijah."

Santosa ing satamating pamaosipoen serat waoe ladjeng witjanten: „Saiki padang pikirkoe, lan saiki akoe bisa ambalèkaké barang-barang kadoerdjanan ing Kiranapoeran."

Let kalih dinten saking satampining serat Rara Indinah waoe, noedjoe wantji djam 4 sonten, Mantri poelisi Mas Sarosa kairing oepas kalih poenggawa kampoeng satoenggal, dateng glédah ing grijanipoen Santosa. Nalika samanten Santosa noedjoe wonten ing kamar amboengkoes barang-barang kadoerdjanan ing Kiranapoeran badé kakintoen medal ing pos. Sareng pijambakipoen soemerep, manawi kedatengan poelisi badé glédah, ladjeng goemoedjeng tjekakakan.

Sarèhing Santosa katanggel déning pangagengipoen sarta para mitra-mitranipoen, mila boten katahan wonten ing koendjara kados limrahing doerdjana.

Mantri poelisi Radèn Soeraja mireng, manawi mitranipoen satoehoe katoekoep déning kantjanipoen, sanget anggènipoen prihatos sarta nalangsa, witjantenipoen: „Saiki kelakon pedot pamitrankoe karo kangmas Santosa." Sanadyan akoe matoer akèh-akèh, mesti kangmas Santosa isih kentjeng panarkané, manawa prakara iki saka panggawékoe. Doeroeng marem pikirkoe, jèn doeroeng olèh katrangan kang loewih tjeta. Doeroeng lega atikoe, jèn doeroeng bisa njekel doerdjanané kang sadjati. Akoe ngerti, jèn kangmas Santosa genah doedoé doerdjana. Dèwèké wong kang soetji, wong kang loehoer pangkaté, lan Bendara Kliwon Kiranapoera tjalon maratoewané, perloe apa ndadak dimalingi. Soepaja akoe bisa njekel doerdjana kang sedjati, akoe koedoe bisa noekoep wong kang ngatoeri lajang marang toewan Commissaris, lan akoe koedoe bisa ambanda sepijoené kangmas Mantri Sarosa, kang noentoen kangmas Mantri Sarosa, soepaja glédah marang dalemé kangmas Santosa. Nanging kang loewih disik akoe koedoe mariksa, apa getih kang warata ana ing sadjroning kamar Kiranapoeran ikoe getihé kangmas Santosa apa doedoe."

Radèn Soeraja satoenggiling poelisi ingkang sregep njamboet damel sarta sampoen misoewoer ing kawegiganipoen ngoepados katrangan. Saben sampoen poeroen toemandang boten naté toendabéma, pramila toewan Commissaris poelisi sanget ing sih tresnanipoen.

Radèn Soeraja sampoen angsal katrangan bab tijang ingkang ngawon-awon badanipoen, inggih poenika tijang ingkang dados mata-matanipoen Mantri poelisi Mas Sarosa, sarta tijang ingkang noentoen soepados Mas Sarosa énggal-énggal galédah dateng grijanipoen Santosa.

Noedjoe satoenggaling dinten, Radèn Soeraja manggihi Santosa, nanging meksa taksih dipoen soedjanani déning Santosa. Sanadyan wongsal-wangsoel anggènipoen tjarijos badé mitoeloengi sagedipoen Santosa loewar saking pandakwaning poelisi, nanging Santosa oegi boten poeroen medaraken sadaja lelampahanipoen, witjantenipoen Radèn Soeraja:

„Pramila kangmas boten karsa ngandaraken sadaja lelampahanipoen kangmas ingkang sadjatos, awit kangmas taksih panggah anggènipoen boten pitados dateng atoer koela, oetawi kangmas tansah soedjana dateng sadaja panindak koela. Kaoeningana, kangmas, ing sapoenikanipoen kangmas tansah maiben dateng atoer koela, sarta ing semoe doekaning panggalih sampoen boten saged lilih. Nanging koela nemtokaken, manawi ing wingking kangmas taksih karsa ngaken sadèrèk malih dateng badan koela."

Witjantenipoen Santosa: „Adi, moegi sampoen dados panggalih déné koela kepeksa boten saged anglegani pemoendoetipoen adi, awit sanadyan koela ngatoeraken sadaja lelampahan koela, masti namoeng badé damel kandeling pandakwaning poelisi."

Wangsoelanipoen Soeraja: „Koela mangertos, manawi kangmas kagoengan kalepatan kamipoeroen nindakaken padamelan ingkang sanès koewadjibanipoen. Kados-kados kangmas boten badé noelak oepami koela njoewoen rahipoen kangmas wonten satètès, sarta gambaring tapakipoen djempolan kalih pisan."

Radèn Soeraja sasampoenipoen nampèni rah satètès kadèkèk ing katja, sarta gambar tapaking djempolan ladjeng pamit mantoek.

XIV.

Ketjepengipoen Soekatja.

Noedjoe ing satoenggiling dinten, wantji ngadjengaken djam 8 éndjing, Soeraja linggih ing pandapi badé pangkat dateng kantor Wadana poelisi. Para abdi-abdinipoen sami goemoen. déné pinten-pinten dinten ketingal nanjang prihatos, teka ing wekdal waoe ketingal bingah sarta padang polatanipoen. Ingkang makaten poenika mratandani manawi kalegan ing manah sarta kadoemoegèn sedyanipoen. Katah tijang sami nginten, manawi Radèn Soeraja boten dangoe minggah pangkatipoen dados Assistent-Wadana Poelisi. Moengel djam 8 tèng, Soeraja ladjeng pangkat noempak

fiets. Sadoemoeginipoen ing kantor Wadana poelisi Soeraja dipoen oemel-oemeli para kantja-kantjanipoen, margi ragi kasèp anggènipoen ḍateng ingrikoe. Sadaja sampoen pepak ḍateng inggih poenika: toewan Commissaris poelisi, Opziener-Opziener poelisi, ingkang Wadana, Assistent-Wadana, Mantri-Mantri, oepas-oepas, toewin ḍokter Djawi Radèn Boentaran, Bendara Kliwon Kiranapoera kalijan ingkang poetra Radèn Adjeng Soemarsih, Radèn Santosa kalijan toekang kalèrèhanipoen 4, sarta koeli sawatawis. Menggah perloenipoen parepatan waoe baḍé moetoesi anggènipoen ambantah Radèn Soeraja ḍateng kantjanipoen Mantri poelisi Mas Sarosa, angglédah sarta andakwa doerdjana ḍateng Radèn Santosa.

Sareng sampoen pepak ḍateng sadaja, ingkang Wadana poelisi ngandika: „Sapoenika sampoen wantjinipoen Radèn Soeraja ngandaraken sadaja pamanggihipoen, ingatasing prakawis kadoerdjanan ing Kiranapoeran."

Soeraja watoek-watoek kaping tiga ladjeng miwiti witjanten: „Sadaja ingkang baḍé koela gelaraken poenika, sajektosipoen asiling padamelanipoen padoeka toewan Opziener Andersen, toewin kangélan koela ingkang kanṭi talatos sarta toememening manah.

Ingkang sapisan: Poelisi kedah soemerep sarta andakwa doerdjana ḍateng tijang ingkang ngatoeri serat padoeka toewan Commissaris, ingkang soeraosipoen ngawon-awon ḍateng badan koela. Bab poenika ladjeng énggal koela tinḍakaken. Awit saking kanṭi toememen sarta sabaring manah, tijang waoe oegi saged kepikoet déning poelisi, inggih poenika tijang ingkang koela glédah kala winginipoen kalijan padoeka toewan Opziener Andersen. Menggah tijang waoe tijang ingkang dados sepijoenipoen kangmas Mantri Sarosa, sarta tijang waoe tijang ingkang amboedjoek, soepados kangmas Mantri Sarosa angglédah sarta njepeng Radèn Santosa. Tijang waoe ingkang tetep doerdjana ageng sarta djoelig.

Ingkang kaping kalih: Poelisi kedah ambanda sarta andakwa doerdjana ḍateng tijang ingkang gaḍah rah maradini salebetipoen kamar pasaréan ing Kiranapoeran, sarta rah ingkang anggoepaki arta-arta kertas ingkang sapoenika wonten tahananing poelisi. Rahipoen manoesa poenika manawi dipoen tingali mawi pirantos ingkang kawastanan microscoop, ketingal wonten awak-awakipoen boender-boender warni peṭak sarta abrit. Mitoeroet ingkang kaseboet ing kawroeh ngèlmoe kéwan, agengipoen awak-awak waoe toemrap ḍateng satoenggil-toenggiling tijang: boten sami, karatjak-ratjak boten tebih saking 1/3300 dim. Mangka rahing doerdjana ingkang sapoenika karimat poelisi, agenging awak-awakipoen wonten 1/3260 dim. Déné awak-awaking rahipoen Radèn Santosa wonten 1/3415 dim, dados tetéla, manawi rah ingkang maradini ing kamar pasaréan Kiranapoeran, toewin rah ingkang karimat

déning poelisi, sajektosipoen sanès rahipoen Radèn Santosa, toewin Radèn Santosa kedah loewar saking pandakwaning poelisi, ingkang mastani Radèn Santosa loemebet mandoeng ḍateng Kiranapoeran awit Radèn Adjeng Soemarsih sampoen wongsal-wangsoel pratéla ḍatang poelisi, manawi pandoeng ingkang loemebet ing kamar namoeng satoenggal."

Mantri poelisi Sarosa njelani semoe memojok: „Nanging ..... nanging sinten ingkang poeroen maiben, manawi barang-barang kadoerdjanan kepanggih wonten ing tanganipoen ..... Radèn Santosa?"

Mantri poelisi Soeraja boten maèloe ḍateng witjantenipoen Sarosa, teroes ngladjengken witjantenipoen: „Rahipoen tijang ingkang katoekoep padoeka toewan Andersen, sampoen koela titipriksa mawi microscoop, agenging awak-awakipoen tjotjog kalijan awak awaking rah ingkang karimat poelisi, inggih poenika $^{1}/_{3240}$ dim, poenika mratanḍani, manawi pijambakipoen ingkang nilar rah ing salebeting kamar dalem Kiranapoeran. Tanḍa jektinipoen malih, mitoeroet kawroeh dactyloscopie, gambaring dridjinipoen satoenggal-toenggaling tijang poenika boten sami. Ing arta kertas ingkang karimat poelisi, ing peṭi tosan Kiranapoeran, ing témbok-témbok, ing lawanging djanḍéla, wonten pating dalemok gambaran tapaking dridji, poenika kénging kanggé pasaksèn, poenapa Radèn Santosa satoenggaling doerdjana ingkang lampah mandoeng ḍateng Kiranapoeran poenapa sanès. Sareng gambar-gambar ingkang pating dalemok abrit wonten ing arta kertas tahanan poelisi sarta ingkang wonten salebeting kamar Kiranapoeran waoe koela priksa mawi soerja kanṭa, tetéla manawi gambar gambar waoe sanès gambar tapaking dridjinipoen Radèn Santosa, nanging gambar tapaking dridjinipoen tijang ingkang katjepeng padoeka toewan Andersen. Tijang waoe dados sepijoenipoen kangmas Mantri Sarosa.

Sapoenika sampoen terang, manawi pijambakipoen satoenggiling doerdjana djoelig, ingkang lampah mandoeng ḍateng Kiranapoeran, pramila kedah kalebetaken ing koendjara. Èpèkèpèkanipoen kiwa ingkang remoek, dadosa pepènget ḍateng tijang ingkang pandjang tanganipoen.

Ingkang kaping tiga: Sabab poenapa, déné Radèn Santosa tanganipoen kiwa nanḍang tatoe? Pitakénan poenika gampil sagedipoen angsal djawaban ingkang leres, poelisi tjekap pitakèn ḍateng koeli-koelinipoen Radèn Santosa, toewin njoewoen katerangan ḍateng pandjenenganipoen Radèn Boentaran, ḍokter Djawi ingkang andjampèni tatoenipoen Radèn Santosa. Papriksaan poenika koela tindakaken kalajan salesih. Ḍokter sarta koeli-koeli mratélakaken, manawi tatoe waoe djalaran kénging tatah nalika Radèn Santosa moelang ngelis kadjeng ḍateng toekangipoen

awasta Wangsadikarja. Ḍokter anggènipoen andjampèni wantji sijang nalika tanggal 31 Maart.

Ingkang kaping sakawan: Poenapa sababipoen, déné barang-barang kadoerdjanan pinanggih wonten tanganipoen Radèn Santosa? Poelisi kedah angsal katerangan saking Bendara Kliwon Kiranapoera sarta Radèn Adjeng Soemarsih. Sadèrèngipoen bab kadoerdjanan ing Kiranapoeran kelampahan, pandjenenganipoen Bendara Kliwon Kiranapoera kagoengan karsa baḍé moenḍoet mantoe Radèn Santosa, kaangsalaken ingkang poetra nama Radèn Adjeng Soemarsih. Rembag-rembag sampoen mateng, kantoen ngentosi ḍaoepipoen, kagalih béndjing salebetipoen woelan Besar ingkang baḍé kelampahan. Sampoen temtoe, saben tijang maiben ḍateng pandakwanipoen kangmas Mantri Sarosa ḍateng Radèn Santosa, awit langka sanget, déné wonten tijang mandoeng banḍanipoen pijambak. Nanging tijang poenika, manawi baḍé ḍoemawah ing apes sarta kodjoering badanipoeg boten kirang djalaran. Dilallah karsaning Soeksma, sanadyan Radèn Adjeng Soemarsih pijambak oegi andakwa, manawi ingkang mandoengi grijanipoen: oegi Radèn Santosa. Pandakwanipoen Radèn Adjeng Soemarsih poenika ingkang sajektosipoen damel sangsaraning badanipoen Radèn Santosa. Pandakwa poenika ingkang moeroegaken Radèn Santosa kénging pandakwaning poelisi. Inganḍap poenika katerangganipoen.

Sarèhning dedeg pangadeg sarta swaraning doerdjana sairib kalijan Radèn Santosa, sanalika Radèn Adjeng Soemarsih njana, manawi doerdjana ingkang loemebet mandoeng ing kamaripoen waoe: Radèn Santosa. Nalika samanten Radèn Adjeng Soemarsih saweg woengoe saré sarta noedjoe wonten salebeting kanṭil, dados menggah ing pandoeloe temtoe kirang pramana. Radèn Adjeng Soemarsih moendjoek ḍateng ingkang rama, manawi ingkang mandoeng waoe sajektosipoen Radèn Santosa, saking pangintenipoen namoeng kadamel gegoedjengan. Ingkang rama dipoen atoeri énggal rawoeh ḍateng grijanipoen Radèn Santosa, andjabel barang-barang waoe, awit, minḍak keselak kedengangan prijantoen poelisi. Bendara Kliwon kelampahan manggihi sang binaḍé mantoe: moenḍoet barang-barang ingkang kapenḍet sarana mandoeng, mawi panggiri-giri, manawi barang-barang waoe èstoe boten kaatoeraken wangsoel, baḍé kalapoeraken ḍateng poelisi, sarta kasandèkaken anggènipoen baḍé moenḍoet mantoe. Sampoen temtoe kémawon panggiri-giri sarta pandakwa waoe damel bingoenging panggalihipoen Radèn Santosa, awit boten roemaos babar pisan.

Sareng ngantos doemoegi antawis dinten, barang-barang radjabrana kagoengan Kiranapoeran meksa dèrèng katampi wangsoel, sanalika Radèn Adjeng Soemarsih ṭoekoel oewas soemelanging panggalih, bok bilih tindakipoen Radèn Santosa dangoe-dangoe

kewangoeran prijantoen poelisi, boten sandé tamtoe dados bebandan. Radèn Adjeng Soemarsih énggal damel serat pepènget, soepados Radèn Santosa énggal mangsoelaken barang-barang kagoengan Kiranapoeran, serat katoedjokaken ḍateng Radèn Rara Indinah, kakintoenaken medal ing pos mawi aangeteekend. Afzender sarta tanḍa tanganipoen mawi sesinglon. Menggah serat waoe oegi sampoen wonten ing tangan koela."

Radèn Soeraja énggal maos serat pepènget waoe, satamating pamaos, nòenten ngladjengaken witjantenipoen: „Pramila Radèn Adjeng Soemarsih saged soemerep pandèkèking barang-barang kadoerdjanan waoe wonten salebeting growonganipoen wit randoe wana ing astana Pamanahan, djalaran nalika doerdjana loemoempat medal saking djanḍéla, Radèn Adjeng Soemarsih énggal noetoeti medal, ngoḍol ing salampahipoen. Déné teka samanten kakendelanipoen Radèn Adjeng Soemarsih, poenika margi saking sapisan ngraos éman ḍateng barang radja-darbèking rama, kaping kalih Radèn Adjeng Soemarsih soemerep kalajan terang, manawi doerdjana boten ambekta dedamel poenapa-poenapa sarta saweg nanḍang tatoe ingkang awrat, mangka Radèn Adjeng Soemarsih ambekta pistoel. Poenapa sababipoen déné Radèn Adjeng Soemarsih boten meḍaraken ḍateng poelisi toewin ingkang rama, manawi barang-barang karimat wonten ing growonganing randoe wana ing astana Pamanahan, sarta sadaja lelampahanipoen kadamel wados? Poenika margi saking Radèn Adjeng Soemarsih nemtokaken, manawi ingkang lampah mandoeng waoe Radèn Santosa, sarta nemtokaken, manawi barang-barang waoe ing wingking kawangsoelaken, déning gaḍah panjana, manawi tindak ingkang makaten namoeng kadamel gegoedjengan, awit Radèn Santosa sampoen kepatoeh remen sembranan.

Radèn Santosa sareng maos serat pepèngetipoen tijang ingkang sesinglon Rara Sirijah toemoedjoe ḍateng Radèn Rara Indinah, sanalika paḍang trawangan manahipoen, sadaja roewed petenging manah sirna sakala, oepamining tijang wonten salebeting pepeteng: kapapagaken ing pepaḍang. Ing sanalika poenika oegi, Radèn Santosa nimbali toekang kadjeng sarta toekang batoe kalèrèhanipoen, kaadjak ḍateng astana Pamanahan. Barang-barang jektos kadèkèk wonten ing growongan wit randoe wana, ladjeng kabekta mantoek. Déné namanipoen toekang-toekang ingkang ndèrèkaken Radèn Santosa: 1 Wangsadikarja, 2 Karjawreksana, 3 Batoekarja, 4 Batoesarana, 5 Kasim.

Radèn Santosa sajektosipoen sampoen soemerep ḍateng doerdjana djoelig ingkang loemebet mandoeng ḍateng Kiranapoeran, nanging masṭi boten poeroen meḍaraken ḍateng poelisi, awit ingkang dados doerdjana waoe saḍèrèkipoen pijambak, toenggil bapa sanès bijoeng, awasta Soekatja / Tatasoewignja, inggih poenika tijang ingkang koela tjepeng kalijan padoeka toewan Andersen oetawi

tijang inkang dados sepijoenipoen kang Mas Mantri poelisi Sarosa.

Soekatja Tatasoewignja sareng tampi wewadoeling pitadosipoen nama Wangsawigoena djoeroe koentji ing astana Pamanahan, manawi barang-barang rimatanipoen dipoen pendet Radèn Santosa, sanalika ladjeng toewoeh pamoeringipoen, soepé dateng sadèrèk ingkang soeka panggesangan saben woelan, toemoenten kepanggih kalijan kangmas Mantri Sarosa, ngatoeri oeninga, manawi barang-barang kadoerdjanan ing Kiranapoeran genah wonten ing tanganipoen Santosa. Jèn kirang trengginas tandanging poelisi temtoe barang-barang waoe ketroetjoet sampoen kaelih dateng sanès panggénan.

Kangmas Mantri Sarosa ladjeng énggal-énggal galédah dateng dalemipoen Radèn Santosa. Nalika rawoehipoen kangmas Mantri Sarosa, barang-barang saweg dipoen boenteli déning Radèn Santosa, semoenipoen badé kakintoen-kintoenaken. Sareng Radèn Santosa soemerep kadatengan poelisi ladjeng goemoedjeng tjekakakan, poenika margi saking ngraosaken goemoen dateng kodjoering badanipoen. Wekdal waoe temtoe Radèn Santosa boten poeroen pratéla dateng poelisi, manawi saloegoening doerdjana sadèrèkipoen sepoeh ingkang dados sepijoening poelisi, djalaran mangertos, manawi ginemipoen mesti tanpa adji, toewas namoeng dados gegoedjengan, wekasan namoeng kèndel kalajan bingoeng toewin panggrantesing manah.

Bab ingkang kaping gangsal: Poenapa sarananipoen kanggé netepaken manawi Soekatja Tatasoewignja satoenggiling doerdjana ageng ingkang langkoeng djoelig? Sadaja padamelan koela, ingkang koela tindakaken kalijan padoeka toewan Andersen sampoen minangka sarana. Nalika padoeka toewan Andersen koela dèrèkaken galédah dateng grijanipoen Soekatja Tatasoewignja ing Pamanahan, toewan Andersen manggih sesoepé barléjan sarakit wonten ing salebeting waton ambèn deling, pangaosipoen boten kirang saking f 1000; barang poenika kaaken déning Bendara Kliwon Kiranapoera. Kedjawi poenika, ingkang kepanggih wonten ingrikoe katah barang-barang dandosan warni-warni sanès kagoenganipoen Bendara Kliwon. Barang-barang waoe wonten ingkang sampoen kaaken ingkang gadah wonten ingkang dèrèng. Oepas Soeradinama manggih serat gantosan pinten-pinten kaslempitaken wonten ing oesoek. Serat-serat gantosan waoe boten sami namanipoen ingkang anggantosaken. Koela sampoen njobi notjogaken serat gantosan ingkang ageng gantosanipoen dateng grija pagantosan, kepanggihing barang, tetéla manawi barang-barang waoe barang kadoerdjanan kètjoe ing doesoen Bekonang. Pramila prakawis poenika badé pandjang oeroesanipoen, poelisi badé saged mikoet pinten-pinten doerdjana ingkang damel roebédaning poelisi. Tjoetel atoer koela."

Ladjeng sinaoeran keplok sarta soerak mawoerahan. Pamanggihipoen Mantri poelisi Radèn Soeraja, boten wonten satoenggiltoenggila ingkang ambantah, awit anggènipoen ndjalèntrèhaken sarta nerang-nerangaken: tjeṭa sarta njata. Woesana poetoesaning pangrembag, Radèn Santosa loewar saking pandakwaning poelisi. Soekatja Tatasoewignja, sepijoenipoen Mantri poelisi Sarosa katahan ing koendjara. Nalika samanten sampoen wantji djam 12 sijang, parepatan ladjeng bibaran.

Radèn Santosa sarta Radèn Soeraja tansah karangkoel-rangkoel déning Bendara Kliwon Kiranapoera, mratanḍani manawi sakelangkoeng ḍangan sarta katjarjan ing panggalih.

Antoekipoen Radèn Santosa kaḍawoehan noenggil sakréta kalijan Bendara Kliwon Kiranapoera. Radèn Soeraja noempak fiets andjadjari ing sakiwaning karéta. Agenging manah kados oendoeripoen Sénapatining prang mentas oenggoel ing djoerit, pantes manawi ingoedanan sekar sarta ganda roem-aroem ing saoeroet margi.

.....

Katjarijos Radèn Santosa sampoen kelampahan kaḍaoepaken kalijan Radèn Adjeng Soemarsih. Poenapa malih Radèn Soeraja oegi sampoen kaḍaoepaken kalijan Radèn Ṛara Indinah wonten ing dalem ageng Kiranapoeran, noedjoe ing woelan Besar; sakelangkoeng ageng bawahanipoen.

Pangantèn kalih djoḍo ketingal sami sih-sinihan, atoet aroentoet tansah rèntèng-rèntèng, aroentoeng-roentoeng kadya mimi lan mintoena, anggènipoen djedjoḍoan kanṭi mareming manah.

Boten dangoe Radèn Soeraja katetepaken ing Paréntah dados Assistent-Wadana poelisi déning katjihna kasagedan sarta kasregepanipoen.

Soekatja Tatasoewignja sampoen kapoetoes prakawisipoen déning pangadilan Landraad, kaoekoem boetjal laminipoen 20 taoen njamboet damel peksa mawi karanté. Sakoeṭoenipoen nama Wangsawigoena, kaoekoem boetjal 10 taoen, njamboet damel peksa tanpa karanté.

Soekatja roemaos wirang sarta ngraos awang-awangen ḍateng awrating paoekoeman ingkang kedah kasanggi. Boten wandé baḍé nemahi tiwas ing satengahing nglampahi paoekoeman, déning ngèngeti ḍateng pakareman sarta ringkihing badanipoen. Sroening prihatos wekasan pedjah ngenes sadèrèngipoen nglampahi paoekoemanipoen.

Sanadyan agenging dosanipoen Soekatja ḍateng Radèn Santosa sampoen tanpa pepinḍan, éwadéné koewandanipoen meksa kakoekoep déning Santosa, kaoepakara kados lajoning prijantoen, namoeng angèngeti poenika kadangipoen djaler, warnia poenapapoenapa boten saged mroetjoet saking anaking tijang sepoehipoen pijambak, toewin dadosa pènget menggah katresnaning tijang

sepoeh ḍateng anak, sarta agenging samboetanipoen anak ḍateng tijang sepoeh. Sawenèhing kaol moengel makaten: Oetangmoe marang wong toewamoe doeroeng poenḍat, jèn moeng kosaoeri ragamoe wiwit djempol sikil toemeka poetjoeking ramboetmoe.

Radèn Santosa sakoela warga roemaos loeḍang saking goḍa rentjana ingkang saking pandamelipoen Soekatja, gesangipoen saja wewah ajem tentrem, dados pepénginanipoen ingakaṭah, saja dangoe saja aroem gandanipoen.

Ing saladjengipoen boten wonten ingkang perloe katjarijosaken ingriki, kadjawi Radèn Santosa sakoela-warga namoeng tansah manggih seneng lan tentrem gesangipoen.

TAMAT.

PNRI 6p

304. **Lelampahanipoen Sida.** M. Sastradiardja, 49 katja, 8°, aksara Latin. Njarijosaken lelampahanipoen Sida wiwit laré ngantos dados mantri goerce. Serat poenika pantes dados waosanipoen para moeda djaler èstri, langkoeng-langkoeng toemrap para moerid, awit serat poenika isi piwoelang warni-warni. Regi. . . . . f 0,35

---

306. **Isin ngakoe bapa.** M. Prawirasoedirdja, 84 katja, 8°, aksara Djawi. Njarijosaken lelampahanipoen laré djaler wiwit alit ingopénan saé sarta kasekolahaken dateng tijang sepoehipoen, ananging sareng laré waoe diwasa saged angsal kanoegrahan, ladjeng isin ngaken tijang sepoeh dateng bapakipoen, sabab bapakipoen mlarat sanget sarta boten pakra. Woesana laré waoe oegi ladjeng tampi pamelèhing Pangéran. Serat poenika dados tetoeladan oetami toemrap para sepoeh oetawi para nénéman, njoemerepana koewadjibanipoen pijambak-pijambak. Regi . . . . . f 0,60

---

399. **Gita-Gita.** M. Ng. Mangoenwidjaja, 94 katja, 8°, aksara Djawi. Tjarijos lelampahanipoen Soegita, inggih poenika laré lola ketoela-toela gesangipoen, woesana saged dados Ondercollecteur, sarta saged djodo kalihan Soegati, nak-dèrèkipoen pijambak ingkang boten kanjana-njana babarpisan. Tjarijos poenika sanget nengsemaken lan wonten ingkang perloe pinèngetan. Regi. . . . . f 0.75

---

880. **Mitra moesibat.** R. Loerah Djajèng-oetara, 87 katja, 8°, aksara Djawi. Njarijosaken sadèrèk kekalih sami reroekoenan dagang, woesana pepisahan, dagang pijambak-pijambak, awit ingkang nèm ladjeng tiroe-tiroe ipénipoen moesibat dados tijang njerèt, wasana gesangipoen dawah ing kamlaratan, nanging sareng ipénipoen pedjah saged medot sarta ladjeng sregep ing damel, poelih katjekapanipoen malih. Regi. . . f 0.75

[illegible] **Banda poesaka.** R. Sasraharsana, 88 katja, 8°, aksara, Djawi. [illegible]arijosaken lelampahanipoen Wahjana, wiwit kabekta késah iboenipoen, [illegible]ta ladjeng katilar pedjah wonten ing grijaning randa miskin ingkang [illegible]djatosipoen tilas réntjanging iboenipoen. Woesana Wahjana angsal margi [illegible]dados Wadana. Sadaja ingkang sampoen dipoen lampahi dateng [illegible] pantes dados tetoeladanipoen para moerid, sarta wonten ingkang [illegible] damel [illegible]elas. Tjarijos [illegible] sanget nengsemaken. Regi. . . f [illegible]

